/18/ Ya maring para marumu/ den kamot ngenaki ati/ elingen wewulangira/ eyang ta Sinuhun swargi/ ping catur Paku Buwana/ kang mungging tembang kinanthi//

/19/ Utawa wewulangipun/ rajeng Cina maring siwi/ tuladen ingkang prayoga/ wus pasthi raharjeng krami/ kalamun sira amaca/ tuladha inguni-uni//

/20/ Anggiten ingkang rahayu/ buwangen kang tan prayogi/ supaya tibeng utama/ widadaning palakrami/ paugeraning wanita/ tan lyan mung eling nastiti//

/21/ Bekti nglakoni satuduh/ aja wani amapali/ amarang karsaning priya/ saparentah anglakoni/ nyingkiri kang tan kinarsan/ pan ika wulangireki//

/22/ Sawargi eyangmu buyut/ kinanthi ana kang muni/ artining jariji lima/ ika wiyata utami/ yen sira bisa ngenggoa/ wus cukup nadyan sathithik//

/23/ Tan pae pratikelipun/ akrama lawan angabdi/ kudu wruh ing karsanira/ ing gusti tuwaning laki/ kalamun bisa ngawula/ sayekti bisaa laki//

/24/ Poma nini wekasingsun/ elingen pitutur mami/ kang putra nuwun turira/ inggih rama mugi-mugi/ antuka pangestu tuwan/ inggih sageda nglampahi//

/25/ Wulang paduka sadarum/ saestu kawula mundhi/ kuneng kang mulang mring putra/ yata wun antara wanci/ pra abdi atata dhahar/ ing jaba jro amiranti//

/26/ Ywa sami dhahar akembul/ ing dalem kang para putri/ pra pangeran neng pringgitan/ miwah pra punggawa mantri/ wus sami pinetak-petak/ tuwin para Kaptin Upsir//

/27/ Denira dhahar anutug/ wus antara buhar sami/ ing jaba jro abubaran/ sadaya kalilan mulih/ kuneng dalu kawuwusa/ enjang asiyaga malih//

/28/ Pra sami sowan malebu/ tan ewah kadya ing wingi/ dadya myang busananira/ wus sami mapan miranti/ sugata mring pakurmatan/ wus sami rinakit-rakit//

/29/ Pradangga tambur panjidhur/ wus pinarnah gyanireki/ wadya kang wahana kuda/ sadaya kinen umiring/ anggrebega wuri rata/ pinilihan kang taruni//

2.5 Pupuh V Sinom

/1/ Kuneng gantya kang winarna/ wuwusna sri narapati/ enjang lenggah Prabayasa/ lan pra ibu-ibu sori/ myang sagung para putri/ priyantun manggung katanggung/ andher marek ing ngarsa/ semana Kangjeng Sang Aji/ apan arsa anglampahakan utusan//

/2/ Mundhut badhe prameswara/ kang ibu ingkang piniji/ nenggih jeng ratu kadhatyan/ lawan Dyan Ayu Dipati/ Sasradiningrat tuwin/ Pangran Pringgalayeku/ lan Pangran Priyambada/ myang para pangeran sami/ sagarwane lan rabine pra wadana//

/3/ Pan sampun pepak sadaya/ ngumpul ing paseban sami/ sadaya busana endah/ miwah kang jagi nagari/ wus samya amiranti/ tan pae busana luhung/ rekyana patih lawan/ wadana kaliwon sami/ mapan mungging paseban ing sri mangantya//

/4/ Kang nana poseban wetan/ para mayor kaptin upsir/ tindhih litnan kaptin radyan/ riya cakra winateki/ sadaya busanadi/ dene kang urmat ingayun/ Srimanganti kang wetan/ prajurit miji pinilih/ seket tindhih kaptin Dyan Danupranata//

/5/ Kopral tambur sulingira/ kilen ingkang anisihi/ ni prajurit truna kembang/ seket ingkang anindhihi/ Gusti rahmat wewangi/ putra

Dalem Sang Aprabu/ Wahmester Dyan Man Mingsar/ kalawan Radyan Mas Sigit/ pan sadaya mangangaya care Walanda//

/6/ Kang sesiyung Kamandhungan/ prajurit Jayengastreki/ seket tindhih mayorira/ Dyan Mas Bratawinateki/ dyan manjing laga kaptin/ Jayengreja opsiripun/ Jayengsemedi lawan/ Dyan Mas Jayengsubrateki/ sakawannya Dyan Mas Panji Jayengtilam//

/7/ Sami busana pameran/ pan pinilih seket sisih/ pra sami asikep tumbak/ dene kang sesiyung mungging/ jawining kori gapit/ prajurit Jagasureku/ tindhih kaptin Rahadyan/ Panji Megandaka upsir/ ira Radyan Apanji Dewatantaka//

/8/ Dyan Panji Sasrasubrata/ kalih Polenterireki/ Rehadyan Mas Sumapura/ Dyan Mas Mesadirga nenggih/ kopral jajar pinilih/ sadaya satus nemlikur/ kang nambangi barisnya/ salering pretan prajurit/ Jayasura kalawan Jayatetaka//

/9/ Linajur majeng mangetan/ triatus samya inpantri/ tindhih kapit lan Rahadyan/ Prawiradikara Panji/ Litnen Radyan Mas Panji/ Jayaasmara pangayun/ gangsal upsir Rahadyan/ Jayapawira pangarsi/ jajar lawan Radyan Mas sumatenaya//

/10/ Dyan Panji Sumakertika/ Panji Jayateruneki/ luhung Prawirasentika/ samya busana kinteni/ rempeg barisireki/ kopral tambur sulingipun/ catur Polenterira/ sedaya cara Walandi/ nganggar pedhang jas cemeng brukira pethak//

/11/ Radyan Mas Sardisan lawan/ Dyan Mas Sarengat lan malih/ sira Radyan Mas Sadalsah/ sekawan Dyan Mas Semedi/ wetan ingkang nitihi/ majeng mangilen linajur/ Inpantri Jayataka/ tindhih kaptin Dyan Mas Panji/ Sasrataruna lawan Suryamrejaya//

/12/ Gangsal upsirnya Rahadyan/ Mas Panji Dipawiryeki/ Dyan Panji Suradipraja/ lan Jayadiwirya Panji/ Dyan Mas Trunabrateki/ lawan Trunaudayaku/ tiga Polesterira/Dyan Mas Adireja nami/ Dyan Mas Jayalengkara Radyan Mas Kalam//

/13/ Dadya tigangatus lawan/ prajurit Trunasureki/ si ambungan Jagabraja/ satus tindhih kaptin upsir/ Kaptin Radyan Mas Panji/

Sasratmaja pangayun upsir tiga Rahadyan/ Panji Tarunaprajeki/ kalih Radyan Panji Macsawirasta//

/14/ Panji ngun-angun tiganya/ nulya prajurit ing Baki/ tindhih rangga kalih nama/ Resawikrama lan malih/ Resasemita nami/ ingkang nindhihi lelayu/ Rangga Yudadipura/ akanthi demang kekalih/ kalih mentri kang mangka pangirid gangsa//

/15/ Mas Ngabehi Tanuresa/ lawan Jagakarya nami/ Jagakarsa Sariguna/ margana jajarireki/ busananira sami/ tan weneh golonganipun/ prapta sakilen Gladhag/ anggenggeng barisireki/ urut marga kang ningali tanpa wilang//

/16/ Jalu estri yul-uyelan/ awit jroning kori gapit/ ngalun-alun Pagelaran/ tan etung panasing rawi/ prapteng Peken Pon pipit/ pepet sapinggiring lurung/ golongen leng-ulengan/ kang arsa uningeng Gusti/ yeta wau warnanen sajroning pura//

/17/ Gusti jeng ratu kadhatyan/ lawen Dyan Ayu Dipati/ miyos saking dalem pura/ ginarebeg para putri/ garweng pangeran tuwin/ wadana kaliwonipun/ Jeng Pangran Pringgalaya/ lan ari Pangeran Panji/ methukaken lajeng anjajari ngarsa//

/18/ Lan sagung para santana/ myang Urdenas lurah sami/ prapteng kori Kamandhungan/ Jeng Ratu sampun anitih/ rata geng rinengga sri/ pramesweri wastanipun/ nenem pangiridira/ wulu bopong ageng inggil/ mijil saking Makasar plit prabotira//

/19/ Cemeng timang barlin pethak/ kusir Walandi jas abrit/ rinengga ing renda jenar/ pinantes keneknya sami/ Radyan Ayu Dipati/ ingkang nunggil ratanipun/ pan samya busanendah/ arasukan wungu krestin/ kancing sotya barleyan pating galebyar//

/20/ Respati lamun sinewang/ kadya putri parang akik/ jajar lan putri Karsinah/parekan kalih mangampil/ kinembar busana di/ ingkang anongsong ing pungkur/Raden Atmasupana/grutnen busananireki/ prajuritan rasukan cemeng sikepan//

/21/ Pasi cemeng sawit lawan/saruwalnya panji-panji/ sinjang sawit lawan dhesther/bathik kawung latar putih/ sesamir renda kuning/ tinundha kuwas burliyun/ sarigak solehira/ kadya prajurit ing Bali/ Bali bandbung nyothe keris nganggar pedhang//

/22/ Wus budhal panganjurira/ didalem Panewu Mentri/ dharat samya pinayungan/ gumredeg lempahira sri/ sadaya busanedi/ agolong sajuru-juru/ kalih atus watara/ ing wuri ingkang nambungi/ abdi dalem musikan yuda kanaka//

2.6 Pupuh VI Pangkur

/1/ Kalih dasa munggeng rata/ gung tinembang munya samargi-margi/ aris ing lampah rata gung/ kang sumambung wurinya/ di prajurit was neng-aneng kudanipun/ salawe tindhih ubsirnya/ Dyan Mas Kuda Jayengresmi//

/2/ Kudanya abang walaka/ busanadi rempag lampahing baris/ wuri malih kang sumambung/ abdi urdinas lurah/ kalih dasa wahana kuda sadarum/ busanane prajuritan./ sami sawit sangklat langking//

/3/ Sabuk baran nganggar pedhang/ tali bandhang ceplok anggaran rukmi/ kakalih pangarsanipun/ Raden Atmapustaka/ Raden Atmadikara sisihanipun/ tan pae busananira/ rempeg lampahing turanggi//

/4/ Kang sumambung wurinira/ pra pangeran samya nitih turanggi/ pan sami busana murub/ pinalih lampahira/ sanga sisih mangampingi retanipun/ titihan sang prameswara/ kang caket lan rata rukmi//

/5/ Jeng Pangran Suryaatmaja/ litnan kurnel idhekanira mangkin/ tuwan kang wicaksana gung/ saha gupernur jendral/ nitih kuda bopong binusanan murub/ pun kembang sore ranira/ sembada keng nitih pekik//

/6/ Busana kaprajuritan/ rasukan beludru cemeng sawit/ kalawan lancinganipun/ pantes nganggar wangkingan/ ting galebyer rinengga sesotya murub/ respati lamun sinawang/ kadya Rahaden Sumantri//

/7/ Nalikanira dinuta/ mundbut putri Manggada Citrawati/ gung pendhapan kudanipun/ cingak ingkang tumingal/ para bakul myang parawan kang andulu/ ting jerawil arerasan/ tan jamak gustiku iki//

/8/ Begjane kang duwe krama/ bagus anom karengga busana di/ sainggane awakingsun/ duwe bojo mangkana/ sun simpeni bae neng pangkeng setaun/ tan aweh metu neng jajaba/ yen kajambar keh kang melik//

/9/ Iba pangincihing tangga/ wruh wong bagus, mangkana layak mami/ tan uman pijer sinambut/ sandhinge mesem ngucap/ mendahnea kang kaya ujarmu iku/ ting jegigik ceceblekan/ samya kasmaran umeksi//

/10/ Kuneng kang sami rerasan/ ing wurine nenggih ingkang nambungi/ Pangran Purbanagareku/ saha kurnel kumendhan/ di prajurit ing jawi lebet sadarum/ pantes anitih turangga/ pancal panggung wulu abrit//

/11/ Binusanan sarwa endah/ lapak Inggris slebrak rinenda kuning/ kuliting pragalba tutul/ sawit lan krekasira/ pun dewa gung turangga peparabipun/ bigar gambira sarosa/ malang-megung gang anirig//

/12/ Sembada kang nitih wignya/wira-wiri nander mring ngarsa wuri/ amrenata lampahipun/prajurit wuri ngarsa/asembada setriyane nom abagus/kadya rajeng Trajutresna/sereng solahe ngajrihi//

/13/ Busana kaprajuritan/arasukan sikepan bludru langking/ sawit lan lancinganipun/panji-panji gesperan/peningset cindhe jenar bara burliyun/sekodher kudhaneng jaja/sungsun catur burlyan kuning//

/14/ Nganggar wangkingan sinotyan/ ting galebyar sawit lar kang winangking/ukiran kayu mas baru/kembar nyamleng wangunnya/kandelane tinaretes inten murub/tinurut prapteng warangka/pating galebyar nelahi//

/15/ Eram kang samya tumingal/ urut marga samya ngaruh-aruhi/ tan jamak Jeng Pangran iku/ dhasar bangkit mring kuda/ pantes temen titihane geng aluhur/ parabote sarwa emas/ sembada lawan kang nitih//

/16/ Kudane kadya mabura/ priyayine wangune tan kuwatir/ pinolah-polah piturut/ lah iku jaran apa/ kaya jilma sandhinge nyambungi wuwus/ iya layak mangkonoa/ pan iku wruhanireki//

/17/ Titihan dalem sang nata/ ingkang saking ing Tulungagung nguni/ ingaran Kyai Dewagung/ dhaser yen nuju bigar/ Jeng Pangeran ingkang tinuduh sang prabu/ pan kinen anegarana/ dhasar jaran luwih gati//

/18/ Rebo Setu nora towang/ tinegaran neng alun-alun sami/ sanggyaning titihan prabu/ dening kanca panegar/ siji iku dhasare banter tyasipun/ ika Kyai Gunadewa/ iya ingkang dentitihi//

/19/ Jeng Pangeran Sumayuda/ apan iya titihanireng aji/ gangsal ingkang sami metu/ Jeng Pangran Suryatmaja/ Jeng Pangeran Ngabehi lan arinipun/ Jeng Pangran Arya Mataram/ ingkang samya anitihi//

/20/ Titihan dalem sang nata/ kuneng ingkang samya rarasan angling/ ing wuri ingkang sumambung/ Jeng Pangran Suryabrata/ nitih kuda cemeng binusanan murub/ sembada satriyanira/ dhegus balengah akuning//

/21/ Kadya Radyan Antareje/ prajuritan sawit baludru langking/ ing wuri ingakng sumambung/ Jeng Pangran Natabrata/ nitih kuda bopong makasar gung luhur/ binusanan sarwa endah/ sembada kang nitih pekik//

/22/ Kadya Radyan Narayana/amberanyak sesolahe respati/ resukan cemeng baludru/ sawit lawan lancingan/ panji-panji paningset barang burliyun/ pantes anganggar wangkingan/ rinenggeng sotya nelahi//

/23/ Kang sumambung wurinira/ Jeng Pangeran Sumabrata anitih/ turangga jragem geng luhur/ binusanan sarwa bra/ sembadane satriyane nom abagus/ tinon lir putra Mandura/ prasaja solahireki//

/24/ Busana keprajuritan/ Pangran Pringgakusuma kang nyambungi/ anitih kuda perumpung/ geng inggil busana bra/ asembada satriya anom abagus/ tinon lir rajeng Kumbina/ pendhapan kudanireki//

/25/ Busana kaprajuritan/ sawit langking baludru amantesi/ ingkang sumambung ing pungkur/ Kangjeng Pangeran Arya/

Cakranagara saha rikmisteripun/ rijemen kaperitanahh/ saha Up Indhia nagri//

/26/ Anjegarang munggeng kuda/ abang mudha gembira gung singgil/ abigar gung mamprung-mamprung/ malang-megung pinolah/ gibrah-gibrah lir denawa solahipun/ suri mawur ngering nganan/ nyongklang malang olang-aling//

/27/ Sinung aran pun maruta/ membadane ingkang manitihi bangkit/ malah dadya sukeng kalbu/ pinantes prabotira/ lapak Inggris binerong ing song abiru/ kuwas ingujung ginundha/ sinawur banyu mas putih//

/28/ Sembada satriyanira/ ageng inggil gagah balengah kuning/ surem solahnya dinulu/ kadya Demang Ngurawan/ nalikarsa tempuk Katib Anom Kudus/ rasukan bludru sikepan/ alancingan panji-panji//

/29/ Gesperan nganggar wangkingan/ carabalen wangun Madura nagri/ rinenggeng sotya bra murub/ ceplok anggar sinotyan/ ting galebyar kadya sunaring andaru/ eram kang samya tumingal/ ingkang sumambung ing wuri//

/30/ Jeng Pangran Cakradiningrat/ nitih kuda dhawuk bang ageng inggil/ sembada kang nitih bagus/ kadya putreng Cempala/ busana di ting galebyar sarwa murub/ Jeng Pangran Suryedipura/ ingkong sumambung ing wuri//

/31/ Respati nitih turangga/ wulu dragem binusanan sarwa di/ sembada satriyanipun/ lir Raden Rukmarata/ sarwa sotya busananya abra murub/ kang mungging keringing rata/ pinocung sang narpasiwi//

2.7 Pupuh VII Pocung

/1/ Jeng pangeran ngabehi ingkang pangayun/ bopong kudanira/ puspa mugari wewangi/ jajar lawan Jeng Pangran Arya Mataram//

/2/ Sami nitih kuda bopong geng aluhur/ Kyai Dhenok aran/ luhur langkung kawan kaki/ titihane kang rama sri naranata//

/3/ Kalih samya binusanan abra murub/ kembar ting galebyar/ pantes kalawan kang nitih/ tinon kadya Raden Nangkula Sadewa//

/4/ Rasukane kembar sikepan baludru/ cemeng sawit lawan/ lancingannya panji-panji/ apaningset cindhe bang rinenda jenar//

/5/ Sami nganggar wangkingan sinotya murub/ gung nirig kudanya/ cingak pawestri kang sami/ aningali urut marga gung rinasan//

/6/ Pantes temen ingkang nitih karo iku/ sairib meh kembar/ dalah busananireki/ kang wus wikan anutur iku wruhanta//

/7/ Karo sami putra dalem sang aprabu/ kang sepuh Jeng Pangran/ Ngabehi lawan kang rayi/ iya Kangjeng Pangeran Arya Mantaram//

/8/ Manthuk-manthuk kang tinutur langkung ngungun/ aku ora nyana/ lamun ing mengko sang aji/ wus kagungan putra agenge samana//

/9/ Iku lamun jajar lawan sang aprabu/ sapa ingkang nyana/ kalamun putranireki/ tan kang wikan pasthi narka arinira//

/10/ Kang tinuduh lah iya bener ujarmu/ dhasare sang nata/ awet anom awet sigit/ pandhugaku kang marahi awet mudha//

/11/ Saking dene sugih garwa ayu-ayu/ sajroning pura ya/ prawan sunthi tanpa wilis/ angayagan sarimpi manggung badhaya//

/12/ Pan sadaya kayungyun anggung sang prabu/ mangkya arsa krama/ iba kaya apa benjing/ rerenggane kuneng kang samya rerasan//

/13/ Yata wau ingkang sumambung ing pungkur/ Jeng Pangeran Arya/ Kusumayuda anitih/ turangga geng wulu abrit inggil pencal//

/14/ Pan puniku titihan dalem sang prabu/ ran pun Gunadewa/ binusanan sarwa adi/ asembada kang nitih bagus taruna//

/15/ Tinon kadya Sang Indrajit solehipun/ Jeng Pangeran Arya/ Danukusuma nambungi/ nitih kuda abrit binusanan endah//

/16/ Asembada astriyane nom abagus/ busana serwendah/ tinon lir putreng Ngabesi/ kang sumambung Jeng Pangran Dipakusuma//

/17/ Munggeng kuda geng inggil wulu brit sepuh/ busana sarwa bra/ sembada lawan kang nitih/ wiragane kadya Raden Antasena//

/18/ Jeng Pangeran Anikagara sumambung/ nitih turangga bang/ binusanan sarwa edi/ sembadane kang nitih bagus taruna//

/19/ Kadya Raden Sanga-Sanga solahipun/ Jeng Pangeran Arya/ Anisurya kang nambungi/ nitih kuda perumpung busana mubyar//

/20/ Asembada kang nitih anom abagus/ pantes yen sinawang/ lir Prabu Manggada pekik./ busanendah turanggane apendhapan//

/21/ Jeng Pangeran Arya Pamot kang sumambung/ anitih turangga/ ageng inggil wulu abrit/ busanendah sembada satriyanira//

/22/ Kadya Patih Jalasengara gung luhur/ Jeng Pangeran Surya/ mijaya ingkang nambungi/ pantes nitih turangga wulu brit pancal//

/23/ Ageng luhur gambira wijil sondelwut/ busana sarwa bra/ sembada lawan kang nitih/ anjenggarang kadya Prabu Suyudana//

/24/ Prajurit lan rasukan cemeng baludru/ turangganya bigar/ nyirik nyongklang gung angerik/ sedheng satriyane wus gambuh ing kuda//

2.8 Pupuh VIII Gambuh

/1/ Ing wuri kang sumambung./ prajurit kang wahana kudeku/ miji pilih tamtama carangan sami/ pameran busananipun/ tindhih kaptin usir mayor//

/2/ Ingkang mangka pangayun/ Dyan Mas Riya Danuwinateku/ mungging kuda abrit binusanan adi/ sembeda satriyanipun/ sedheng misih bogus anom//

/3/ Busana abra murub/ tinon kadya sang raja Tamtanus/ turanggane winolah anggung anyirik/ dyan mas arsengsari mungkur/ kaptin tamtama kinaot//

/4/ Anitih kuda agung/ abrit pancal binusanan murub/ sembadane kang nitih bagus taruni/ tinon lir Raden Semakun/ kang mungging wurinya mengko//

/5/ Raden Mas Joyengranu/ nitih kuda jaragem gung luhur/ busanane sembada kang nitih pekik,/ lir putreng Kebar abagus/ abusanan sarwa mompyor//

/6/ Adhehan kudanipun/ Dyan Mas Sumaprawira ing pungkur/ nitih kuda dawuk binusanan adi/ lir putreng Turki dinulu/ turanggane gung anjojog//

/7/ Kang munggeng wurinipun/ kuda pamugari neng kuda gung/ wulu cemeng busanane sarwa adi/ pantes lir raja Satrukum/ kang munggeng wurinya mangko//

/8/ Kaptin Ajidanipun/ Dyan Mas Panji Jayasuwarseku/ nitih kuda cemeng buntung geng ainggil/ binusanan sarwa murub/ sembada kang nitih anom//

/9/ Pantes lamun dinulu/ kadya patih prabawa abagus/ kang nambungi Kaptin Wanengan Dyan Panji/ Cakratmaja neng kuda gung/ abang binusanan kaot//

/10/ Pantes satriyanipun/ tinon kadya kang Suhali sunu/ kang nambungi upsir tamtama Dyan Panji/ Jayengsudira neng ngayun/ anitih turangga bopong//

/11/ Kang munggeng kenanipun/ Dyan Mas Panji Sinduwijayeku/ munggeng kuda cemeng pancal geng ainggil/ kalihe busana luhung/ lir Askaliskal lan tinon//

/12/ Kang sumambung ing pungkur/ Dyan Panji Sumamarjayeku/ nitih kuda abrit binusanan adi/ sembada satriyanipun/ lir Raden Dhohkaran tinon//

/13/ Adhehan kudanipun/ kaptin upsir kang nenem puniku/ apan dadya edhekanira samangkin/ Pangran Purbanagareku/ samya acadhong sapakon//

/14/ Ing wuri kang sumambung/ Kangjeng Pangeran Pringgalayeku/ nitih rata atunggil lawan kang rayi/ Jeng Pangran Priyembadeku/ kalihe busana kaot//

/15/ Sarwa sotya bra murub/ tinon kadya Sri Wiratha prabu/ nunggil lawan rajeng Cempala apekik/ kang sumambung wurinipun/ pra garwane Pangeran Nom//

/16/ Sesanga kang tumutur/ pan sadaya busana di luhung/ samya nitih ing ratanira pribadi/ ginarbeg ing wadyanipun/ urut lampahnya sri tinon//

/17/ Wuri malih sumambung/ sagung para garwane tumenggung/ myang kaliwon kang samya mungging rata di/ kawan welas ksng tumutur/ sami busana kinaot//

/18/ Sri tinon lampahipun/ wurine malih ingkang sumambung/ Nyai Sedhamirah mungging rata adi/ rasukan abrit beludru/ pinggir binaludir abyor//

/19/ Lawan Kyai Tumenggung/ Secanagara Secanameka/ Nyai Sarilaya Nyai Ruditeki/ sami rasukan beludru/ abrit binalodir mompyor//

/20/ Nyah Seni kanemipun/ milya nunggil ing rata puniku/ rasukane kebayak wungu nem kenthing/ gelung kondho geng cecundhuk/ mubyar kadya pro celowok//

/21/ Pupur lamat rinembug/ nginang susure ageng rong jebug/ galak ulat sedhat-sedhet ngumbar liring/ tuwane Seni neng pungkur/ wahana turangga bopong//

/22/ Kalawan sutanipun/ sinyo lupi abang kudanipun/ kalih samya grutnen jasira laken brit/ rinendah topi randhahut/ turanggane gung anjojog//

/23/ Kang munggeng wurinipun/ pare lurah estri neng rata gung/ Nyai Amongkresa Nyai Disareki/ kalawan panekeripun/ sakawan kang nunggil kono//

/24/ Gumredeg lampahipun/ ing wurine malih kang sumambung/ pra wadana kaliwon mungging turanggi/ nenem kang para tumenggung/ lan astha para kaliwon//

/25/ Wadana kang pangayun/ Jayadiningrat Radyan Tumenggung/ nitih kuda abrit binusanan adi/ sembada kang nitih bagus/ anyandhang busana mompyor//

2.9 Pupuh IX Dhandhonggula

/1/ Ginarebeg panekarireki/ apan sami busana tulyendah/ gumaredeg sri lampahe/ ing wuri kang sumambung/ Tumenggung Arjadipureki/ wahana kuda rekta/ binusanan murub/ ginarbeg panekarira/ gumaredeg pan samya busana adi/ kang sumambung wurinya//

/2/ Dyan Tumenggung Suryawinateki/ nitih kuda abang pinurwendah/ watangan prabot slokane/ mantri panekaripun/ apan sami garbeging wuri/ tan weneh busana bra/ wuri kang sumambung/ Wadana Panumping Radyan/ Tumenggang Prawiranagara nitih/ turangga abrit pancal//

/3/ Prabot watangan salaka putih/ ingkang nitih abusana endah/ ginarebeg panekare/ gumredeg lampahipun/ ing wurine ingkang nambungi/ Abdi Wadana Gladhag/ Rahaden Tumenggung/ Puspanagara neng kuda/ abrit muda binusanan sarwa adi/ ginarbeg mantrinira//

/4/ Gumaredeg lampahira sari/ Radyan Tumenggung Wreksanagara/ ingkang sumambung wurine/ neng kuda abrit sepuh/ prabot kambil watangan adi/ kang nitih busanendah/ arasukan biru/ ginarebeg mentrinira/ gumeredeg ing wuri ingkang nambungi/ abdi kaliwon jaba//

/5/ Mangunnagara ingkang nambungi/ nitih kuda cemeng binusanan/ kambil watangan lakane/ prabot salaka pingul/ ingkang nitih busana adi/ ginarbeg mantrinira/ wuri kang sumambung/ Dyan Bei Pringgadipura/ nitih kuda bopong binusanan adi/ ginarbeg mantrinira//

/6/ Gumaredeg lampahire asri/ Raden Ngabehi Martadipura/ ingkang sumambung wurine/ nitih kuda brit sepuh/ prebot kambil watangan adi/ kang nitih busanendah/ sarwa sotya murub/ ginarebeg mantrinira/ Dyan Ngabehi Suradipura nambungi/ wahana kuda rekta//

/7/ Kambil watangan salaka putih/ ginarebeg panewu mantrinya/ catur dadya sapantese/ gumredeg lampahipun/ ing wurine ingkang nambungi/ Raden Ngabehi Purwa/ kusuma siti gung/ nitih kuda cemeng pancal/ prabot kambil watangan salaka putih/ ginarbeg panekarnya//

/8/ Gumaredeg lampahira asri/ Raden Ngabehi Mretawijaya/ ingkang sumambung wurine/ abang turangginipun/ prabot kambil watangan adi/ ginarbeg panekarnya/ wuri kang sumambung/ Dyan Bei Wangsanagara/ munggeng kuda rekta binusanan adi/ ginarbeg panakarnya//

/9/ Gumaredeg Lampahira asri/ Radon Ngabehi Anggadiningrat/ ingkang sumambung wurine/ wahana kuda dhawuk/ prabot kambil watangan adi/ mantri penekarira/ garebeg neng pungkur/ asri tinon lampahira/ gunging wadya lir panjrahing sari-sari/ panganjurireng lampah//

/10/ Ingkang dharat apan sampun prapti/ paregolan ing Mangkunagaran/ lajeng umanjing lampahe/ maring plataran ngayun/ horeg sagung wadya kang jagi/ gangsa munggeng tinembang/ tambur myang tanjidhur/ rame wor swaraning janma/ tanpa rungyan arungas lan wong ningali/ gumuruh rebut papan//

/11/ Abdi ingkang wahana turanggi/ mudhun aneng jawi paregolan/ lajeng atata lampahe/ jajari aneng ngayun/ Kang jeng Ratu kadhaton nenggih/ wus manjing ratanira/ aris lampahipun/ kandeg ngarseng paringgitan/ kang jeng gusti gupuh amethuk sarimbit/ tundhuk ngarsaning rata//

/12/ Narpa dayinta tumurun aglis/ tuwin sira dyan ayu dipatya/ lajeng umanjing kalihe/ marang ing dalem agung/ myang pra putri tumuntur sami/ garwaning pra pangeran/ myang garweng tumenggung/ rabining kaliwon miwah/ Nyai Sedhahmirah sakancanireki/ umiring manjing samya//

/13/ Bendara Dyan Ayu Adipati/ ngacarani marang tamunira/ wus sami tata lenggahe/ madyeng jerambah ngayun/ Kang jeng Ratu myang para putri/ ing jawi kawuwusa/ sagung para tamu/ sadaya

wusing ngancaran/ pra pangeran marang paringgitan nginggil/ myang sagung pra wadana//

/14/ Kaliwon Mayor myang Keptin Upsir/ tuwin didalem Urdenas lurah/ mungging kajogan ngarsane/ para mantri panewu/ wadya tuwin para prajurit/ wus pinarnah gyanira/ neng paseban ngayun/ myang kanan kering wandhawa/ wus atata antara sugata mijil/ wedang miwah inuman//

/15/ Ageng alit wus sami waradin/ jroning dalem miwah paringgitan/ wus sinaji minumane/ neng bangku kalihipun/ amepaki mawarni-warni/ sagung para pangeran/ wus samya angunjuk/ myang sagung para pratiwa/ wus warata ing dalem ingkang winarni/ kangjeng ratu kadhatyan//

/16/ Wusnya antara ngandika aris/ mring kang putra Dyan Ayu Dipatya/ nini lakuningsun kiye/ dinuta sang aprabu/ kinon mundhut putranireki/ Raden Ajeng Kustiyah/ marang jro kadhatun/ iya ing dina samangkya/ ingkang putra manembah umatur aris/ inggih ibu sumangga//

/17/ Ing sakarsa dalem sri bupati/ duk semana Dyan Ajeng Kustiyah/ wus angrasuk busanane/ akampuh latar pingul/ bathik Semen sinjang Daniris/ samya genes babaran/pamekak pinatut/ kresting wilis kinembar mas/ ting galebyar rinengga mandhala giri/ tinirah ing parada//

/18/ Kresting wungu resukan binurdir/ turut pinggir tulis lunging sekar/ kancing astha penitine/ sami barleyan murub/ sangkang wangun jemblokan adi/ sami sotya barleyan/ gumebyar ngenguwung/ cundhuk serat sinasotya/ gelung sentheg ceplok panetep kekalih/ sami sotya barleyan//

/19/ Aleweran sunaring sotya di/ sarawungan praba murub mubyar/ lir andaru kekuwunge/ tasik remu rinembug/ lamat-lamat manis mantesi/ wiraganira kadya/ kusumaning ayu/ citra patihing Manggada/ sawusire busana umarek nuli/ ngarsaning ibunira//

/20/ Parekanya wus sami miranti/ ingkang badhe andherek mring pura/ pinantes kembar prabate/ tuwin sentananipun/ sampun sami mapan ing ngarsi/ gusti badhe pangantyan/ gya kinen

angujung/ mring para sepuh sadaya/ kakung putri sawusira lenggah malih/ Kangjeng Ratu Kadhatyan//

/21/ Sembah matur mring kang rama kalih/ Kangjeng Pangran Arya Pringgalaya/ myang Pangran Priyembadane/ wus siyang wancinipun/ penet nunten bidhal samangkin/ Jeng Pangran Pringgalaya/ angandika arum/ iya payo nuli mangkat/ ris ngandika mring putra Pangran Dipati/ Arya Mangkunagara//

/22/ Putranira sun bekta samangkin/ Jeng Pangeran aturnya sumangga/ nulya titihan ratane/ sinaosken mring ayun/ Kangjeng Rstu tumedhak aglis/ anganthi ingkang putra/ aris lampahipun/ ginerbeg para santana/ Radyan Ayu Mangkunagara tumuli/ anganthi ingkang putra//

2.10 Pupuh X Kinanthi

/1/ wus prapteng taratag ngayun/ gusti sang badhe pangantin/ laju uminggah ing rata/ kalawan kang ibu sori/ Dyan Ayu Sasradiningrat/ kang nunggil ing rata rukmi//

/2/ Kekalih parekanipun/ kang samya angampil-ampil/ kinembar busananira/ duk semana Kengjeng Gusti/ tumingal marang kang putra/ denire nitih rata di//

/3/ Kumembeng esmu rawat luh/ ginagas jroning panggalih/ gung sinawang ingkang putra/ saking geng tresnaning siwi/ temahan mijil kang wespa/ sinamun datan katawis//

/4/ Tuwin Gusti Radyan Ayu/ Mangkunagara kadyeki/ tumutur angemu waspa/ drawaya luntur kaeksi/ nanging dudu luh sungkawa/ luh saking inggaring galih//

/5/ Tan pati katon sinamun/ pinanduking sap seta di/ yata sagung wadyabala/ sadaya wus samya nitih/ budhal panganjuring lampah/ tan owah pangkatireki//

/6/ Lan nalika angkatipun/ pangarsa panewu mantri/ dharat samya pinayungan/ tanjidhur wurinireki/ tinembeng saurut marga/ abdi Wanengan nambungi//

/7/ Tridasa neng kudanipun/ tindhih kaptin miwah upsir/ anulya urdenas lurah/ kalih dasa neng turanggi/ nulya sagung pra pangeran/ mangampingi rata rukmi//

/8/ Samya anitih kuda gung/ yata wau wus lumaris/ titihan sang prameswara/ wus prapta jawining kori/ kapten upsir mayor lawan/ prajurit grebeg ing wuri//

/9/ Lampahe munggeng kuda gung/ ing wuri kang anambungi/ wadya ing Mangkunagaran/ myang para santena sami/ pengarsa Kangjeng Pangeran/ Suryadiningrat anitih//

/10/ Turangga ageng aluhur/ abrit binusanan adi/ jajar lawan Jeng Pangeran/Gandakusuma anitih/ kuda dhawuk busanendah/ kalihe bagus taruni//

/11/ Lir Handaga lawan Wirun/ sarigak solahireki/ Jeng Pangran Suryamataram/ ingkang sumambung ing wuri/ lan Pangran Gandasaputra/ kalihe samya anitih//

/12/ Turangga busana murub/ pantes kalihira kadi/ Sang Seta lawan Utara/ pandhapen kudanireki/ ing wuri wadya santana/ pan sami munggeng turanggi//

/13/ Sedaya busana luhung/ kawandasa winitawis/ Jeng Pangeran Pringgalaya/ nitih rata lan sang rayi/ Jeng Pangeran Priyembada/ anulya wadana estri//

/14/ Nenem kang nunggil rata gung/ Nyai Sedhahmirah ngarsi/ nulya para nyai lurah/ bangsa neng rata anunggil/ nulya didalem wadana/ kaliwon ingkang mungkasi//

/15/ samya wahana kuda gung/ gumredeg lampahira sri/ wus prapta ing parapatan/ menggok mangetan lumaris/ horeg kang samya tumingal/ sakiwa tengening margi//

/16/ Ajejel kapang akepung/ puput pipit lir ginapit/ pepet pawestri pepanthan/ tan etung panasing rawi/ saking denyarse uninga/ gusti sang badhe pangantin//

/17/ Gung tanya kang durung weruh/ endi gustiku sang putri/ ingkang bakal prameswari/ kang tinanya anauri/ aku iya durung wikan/ ika kang mungging rata di//

/18/ Iya ta tri putrinipun/ ageme resukan sami/ pan sutra wungu sadaya/ embuh kang tengah buh pinggir/ ana kang patitis ngucap/ yen sire durung udani//

/19/ Ya bakal gustimu iku/ mara sawangen ing ngriki/ ika kang lenggah ing tengah/ resukane wungu mangsi/ turut pinggir baludiran/ pating galebyer nelahi//

/20/ Semune jetmika ruruh/ kang cahya wenes amenis/ kadya sunering kartika/ prabaning kang busana di/ layak sang Dewi Supraba/ tan tebih gustimu iki//

/21/ Saiba benjang yen pangguh/ kaya parengganireki/ pantes temen gustiningwang/ denira apalakrami/ sun sawang mungguh sambada/ lir Kamajaya lan Ratih//

/22/ Ya lamun jajar ing besuk/ kang tinutur tanya malih/ sawijine ika sapa/ ingkang nunggil rata manik/ sandhinge aris angucap/ yen sira durung udani//

/23/ Jeng Ratu Kadhaton iku/ keng uwa gusti pangantin/ Dyan Ayu Sasradiningrat/ kang munggeng keringireki/ lega tyase kang pinajar/ saking tembe wruh ing gusti//

/24/ Akeh wernane winuwus/ pan saking kathahing jalmi/ saweneh ana tatanya/ lah iya gustiku iki/ dhaupe benjang punapa/ apa iya sasi iki//

/25/ Kang tinanya ris sumaur/ lah iya pangrungu mami/ kabare pyayi jro pura/ besuk Besar ngarep iki/ iya tanggal ping limalas/ kang tinutur anauri//

/26/ Yen kaya tuturmu iku/ seka iki maksih lami/ teka pinundhut samangkya/ iya marang dalem puri/ ingsun kira banjur panggya/ iya jroning sasi iki//

/27/ Kang tinanya aris tutur/ iku wus adatireki/ kalamun nata akrama/ badhe garwane piningit/ iya sadurunge panggya/ sinung sasana pribadi//

/28/ Sakarsane sang aprabu/ kadhang neng wismaning patih/ layak durung tau sira/ wikan ratu palakrami/ aku kang wus kerep wikan/ mangkono adatireki//

/29/ Ya aku dhasar durung wruh/ pan lagi sapisan iki/ sandhinge nambungi ujar/ apa sira durung uning/ duk Sinuhun kaping sanga/ krama ing Madura nguni//

/30/ Iya pira laminipun/ layak sira tan meningi/ seprene lagya tridasa/ taun kuranga sathithik/ iya banget durung wikan/ aku durung paja lair//

/31/ Dadi uyuh bae durung/ si embok pan durung laki/ umurku samangko lagya/ nembelas taun lumaris/ sira takoni semana/ pasthi banget durung uning//

/32/ Goningsun anggarap santun/ lagi patang sasi iki/ pikiran duk kramanira/ Kangjeng Ratu Timur iki/ aku misih sae wuda/ durung paringkilen mami//

/33/ Bakayu Indinah iku/ lagi sangalas saiki/ duk laki umur pitules/ tur iku berepireki/ lon si embok bsrep geseng/ kong tinutur mesem angling//

/34/ Ingsun tan nyana sireku/ yen lagi nembeles warsi/ upamane sira mangkya/ apa wus keduga laki/ kang tinanya mesem ngucap/ iya aku misih wedi//

/35/ Yen weruh wong lanang ingsun/ banget gumeter wak mami/ aku lagi wani angas/ meksih emar meksih miris/ embuh kalamun kepeksa/ nanging maksih ketir-ketir//

/36/ Rewange gumuyu muwus/ iya wis lumrah kadyeki/ aku dhek maksih parawan/ iya kaya sira iki/ tur ta yen uwis kelakyan/ banjur wani nora wedi//

/37/ Iya bener lamun durung/ dhasare wong lanang iki/ medeni prabawanira/ ya embuh mawane iki/ nanging ta yen wonge lanang/ ketanggor kang bagus ninthing//

/38/ Ingkang kadya sang aprabu/ layak nora nganggo wedi/ ting cekikik ceceblekan/ sing mokal-mokal sireki/ ngendi gonira ngupaya/wong bagus lir sri bopati//

/39/ Dhasar anem dhaser bagus/ dbasar jumeneng narpati/ dhasar sugih garwa endah/ dhasar pantes anguyuni/ dhasar bisa among garwa/ dhasar wasis ngusap weni//

2.11 Pupuh XI Sinom

/1/ Akeh warnaning rerasan/ pan saking kathahing jalmi/ yata wau lampahira/ ing alun-alun wus prapti/ wadya gung kang jajari/ sadaya lajeng malebu/ praptaning Kamandhungan/ pinaliha nganan ngering/ wusnya mudhun saking kuda lajeng tata//

/2/ Manganti ratanira sang/ jejer pan arsa jajari/ mujur lajuran banjaran/ prapteng jro awit ing jawi/ risang anindya mantri/ kaliwon miwah tumenggung/ tuwin para pangeran/ riya mayor kaptin upsir/ kang tan melu methuk mring Mangkunagaran//

/3/ Manganti madyeng wiwara/ akamandhungan pra sami/ tan antara praptanira/ titihan sang prameswari/ gumredeg angebaki/ horeg kang samya andulu/ jejel arebut papan/ kang ngarsa uningeng gusti/ ageng alit jalu estri tanpa wilang//

/4/ Gumuruh swaraning jalma/ barung lawan tambur suling/ arungan datanpa rungyan/ pepet pepet kehing janmi/ ingkang pendhek ajinjit/ anglunjak kang aneng pungkur/ adat denyarsa wikan/ lumayu kang prapta kari/ kadungsangan ingkang madhang tinggal ajang//

/5/ Kang adang atinggal dandang/ kang lagyadus tinggal jarit/ lumayu lawan rangkepan/ kekembenire cinangking/ cincing acerih-cerih/entenana ingsun milu/ arsa wikan manira/ bakal gustiku sang putri/ praptaning gon wus pepet tan antuk papan//

/6/ Amengkang-mengkang kang jengkang/ kalingkap sinjang kewingkis/ meh telanjang tan rinasa/ kengis wentisira kalih/ mingis kurang sethithik/ kacetha peputhonipun/ mentheging payudara/ methuthuk mentheg amathis/ moh menthilas labet kalambaning wastra//

/7/ Seprandene tan rinasa/ saking denirarsa uning/ ana pawestri lumajar/ anggendhong anake nangis/ meh tiba tan tinolih/ prelu denire andulu/ weneh pawestri tiba/ neng tengah kedheking janmi/ biyang-biyang gendhuke denidak-idak//

/8/ Drawaya mijil kang waspa/ ingkang ngideg tan praduli/ pan sami prelu tumingel/ dumedya gung jelih-jelih/ tan ana ingkang

nolih/ kuneng malih kang winuwus/ kangjeng ratu kadhatyan/ wus sami tumurun saking/ ratanira lajeng anganthi kang putra//

/9/ Sagung wadya myang santana/ samya tata anjajari/ gumaredeg wuri ngarsa/ tuwin nyai mas dipati/ lan para wedanestri/ lurah lan panekaripun/ umiring wuri samya/ para emban munggeng ngarsi/ Kangjeng Ratu wus lajeng manjing jro pura//

/10/ Laju marang Prabayasa/ pinethuk keng ibu sori/ Jeng Ratu Paku Buwana/ Kangjeng Ratu Ageng tuwin/ Ratu Madurekneki/ lan pra putra-putri sagung/ wus tata sami lenggah/ munggeng jarambahing ngarsi/ sri narendra pan lagya lenggah pandhapa//

/11/ Mirsani ngajar bedhaya/ myang serimpi ageng alit/ sang nata angasta rebab/ munya gendhing ladrang manis/ swara rum wilet bening/ agandhang pasindhenipun/ lir sundari ngumandhang/ karya dhangen kang sami miyarsi/ sanggyaning kang pra santana pangran riya//

/12/ Angalempak denya seba/ neng paningrat lojen ngarsi/ Jeng Pangran Purbanagara/ lan pra mayor kaptin upsir/ urdenes lurah sami/ sowan munggeng ngandhap jambu/ yata sri naranata/ ngendikeng wadana estri/ dhawuhana ya marang si bapa patya//

/13/ Myang Kurnel Purbanagara/ dening mengko karsa mami/ iku bakal garwaningwang/ ingsun paringi wewangi/ Kangjeng Bendara nenggih/ Dyan Ajeng Kuntiyah iku/ payunge kuning atal/ dene palinggihaneki/ neng burine bakyu Ratu Timur ika//

/14/ Ngarsane pra putraningwang/ kalawan dhawuhna malih/ ing nguni parentahingwang/ iya dhawuhingsun benjing/Besar ing ngarep iki/ ing samengko karsanipun/ ingsun ajokken marang/ sasi roro kang sun pilih// Rejeb iki utamane sasi Ruwah//

/15/ Mundhuta dina prayoga/ utawa tanggalireki/ wus telas dhawuhing nata/ Nyai Soka nembah mijil/ mring seban Srimanganti/ lan kya patih wus pepangguh/ Nyai Tumenggung nulya/ dhawuh tinimbalan aji/ wus katampan purwa madya wasananya//

/16/ Myang ature kyana patya/ sadaya wus kawrat maring/ Nyai Tumenggung anulya/ umarak sri narapati/ manembeh matur aris/ kawula sampun ingutus/ andhawuhken timbalan/ mring bapa rekyana patih/ yen ing mangkya karsa dalem sri narendra//

/17/ Gusti badhe prameswari/ paduka paring wewangi/ Kangjeng Bandara Rahadyan/ Ajeng Kustiyah lan malih/ pinaring songsong kuning/ dene kalenggahanipun/ wonten ing wurinira/ Kangjeng Ratu Timur nenggih/ sangarsaning putra myang sadherek tuwan//

/18/ Pun bapa rekyana patya/ sandika aturireki/ lan malih karsa paduka/ badhe dhaup dalem nguni/ wulan Besar ing ngarsi/ mangke karsanta sang prabu/ ingajengaken benjang/ Rejeb miwah Saban ngarsi/ padukendra amundhut dinten prayoga//

/19/ Utawi ing tanggalira/ aturnya pun bapa patih/ sadaya inggih sandika/ ing wulan Rejeb puniki/ Setu Pon kang prayogi/ wulan kaping wolulikur/ sangat pukul satunggal/ asar potipun ing wanci/ wuku Gumbreg nuju wasesa sagara//

/20/ Kalamun ing wulan Ruwah/ inggih dinten Setu Pahing/ wulan kaping kalihwelas/ tabuh tri sangatireki/ dumugi ing salatri/ Wrigagung pancasudeku/ pan astriya wibawa/ didalem pun bapa patih/ pan cumadhong dhawuh dalem sri narendra//

/21/ Kang dados parenging karsa/ ngandika sri narapati/ ing mangka karsa manira/ iya sasi Rejeb iki/ ing dina Senen Legi/ tanggal ping nembelasipun/ dhawubna mring si bapa/ lamun iku karsa mami/ Hyai Menggung Soka manembah gya medal//

/22/ Panggih risang mantri muka/ wus dhinawuhaken nuli/ karsa dalem sri narendra/ matur sandika ki patih/ maratakaken nuli/ mring wadya santana sagung/ geng alit wus warata/ Nyai Soka wangsul maring/ jroning pura umatur sri naranata//

/23/ Wus katur saaturira/ katurnya rekyana patih/ marang Kangjeng Sri Pamasa/ nulya didalem prajurit/ kang baris kinen manjing/ jro pura sadayanipun/ mijil ing palataran/ mangidul lajeng umulih/ tan antara prajurit nembar tamburnya//

/24/ Lajeng manjing palataran/ lumampah mangidul sami/ urut arempeg tetanya/ prajurit Jawi Walandi/ wong sewu winitawis/ sawusnya kalilan mantuk/ roncene tan winarna/ yata wau sri bupati/ asasmita mring sagung para pangeran//

/25/ Santana kang samya sowan/ neng paningrat lojen ngarsi/ kinen angunjuk sadaya/ sandika samya ngiseni/ gelasnya wus waradin/ sadaya sareng angunjuk/ rame pro sami surak/ gumuruh mewanti-wanti/ wusnya ngunjuk sang nata lajeng tumedhak//

/26/ Kondur marang Prabayasa/ ginarebeg para cethi/ dene sagung pra sentana/ wus bubar sadaya tuwin/ wadyabala geng alit/ asowang-sowangan mantuk/ warnanen jroning pura/ gusti sang badhe pangantin/ wus piningit neng dalem Pakubuwanan//

/27/ Reroncene tan winarna/ semana sajroning puri/ pan lajeng atata-tata/ sadaya kang nambut kardi/ gelakan siyang ratri/ kriya tan ana kang libur/ gerji burdir ke masan/ pandhe tukang myang undhagi/ samya anarempeng ing pakaryanira//

/28/ Dalem Sasanadayinta/ myang langen-langen liyaning/ gumuruh kang nambut karya/ tan kandheg ing siyang ratri/ kemasen gerji burdir/ agem dalem kang jinungkung/ tumpa-tumpa mawarna/ mas sotya myang kain-kain/ tanpa wilang kehing rerenggan busana//

/29/ Geng alit kang wadyabala/ pan samya inggaring galih/ iya dening gustinira/ ing mangkyarsa mangun krami/ kabeh kang nambut kardi/ tan ngresa sayah asengkut/ daya-daya weruha/ dhaupe sri narapati/ saben hari sangnata anggung geganjar//

/30/ Mring wadya putra santana/ ageng alit jalu estri/ arta miwah busanendah/ warata sadaya sami/ sukeng tyas amemuji/ lestarine gustinipun/ denire palakrame/ ywa na sangsaya sireki/ jalu estri pra samya puji asmara//

2.12 Pupuh XII Asmaradana

/1/ Semana kang nambut kardi/ wewangunan jroning pura/ ing jaba jro wus mirantos/ ton ana ingkang kuciwa/ miwah kriya kang

samya/ anggarap agem sang prabu/ apan wus katbah kang dadya//

/2/ Nging tan kendhat siyang ratri/ lumintu pakaryanira/ saking kethah garapane/ karsa dalem sri narendra/ tumpa tumpa matambah/ tan pegat karya wewangun/ kaprabon ing palakrama//

/3/ Gumuruh kang nambut kardi/ siyang dalu jroning pura/ sangsaya celak dinane/ sinarempeng karyanira/ tuwin dadya punggawa/ ageng alit estri jalu/ pra sami-sami panganggya//

/4/ Sagolong-golongan sami/ tan weneh busananira/ pan sampun kathah kang dados/ wadyabala kang sawahan/ apan kinen mundhuta/ pasumber mring bekel dhusun/ seatunge rong pasokan//

/5/ Dhawuh dalem sri bupati/ kinon karya sangunira/ pekajengan tugur caos/ dene wedya kang gajihan/ apan sami ginanjar/ sapetung gajih sataun/ warata sadaya samya//

/6/ Sukeng tyas wadya geng alit/ pepuji mring gustinira/ ingakrama widadane/ aywa na sangsayanira/ dhaupe gustinira/ geng alit pamujinipun/ tan liyan mring karaharjan//

/7/ Kuneng kawuwusa malih/ semana sri naranata/ badhe tampi nugrahane/ saking Kangjeng Raja Landa/ ya ingkang wicaksana/ tetenger bintang kamendhur/ Urdheseleyo Nederlan//

/8/ Sri narendra denya tampi/ Isnen kaping selawe prah/ Madilakir Jimakire/ Residhen ing Surakarta/ kang bela mring jro pura/ kinarya Wakil Guprenur/ Jindral ingkang wicaksana//

/9/ Para tuwan-tuwan tuwin/ Pangeran Mangkunagara/ lan pra putra sentanana/ samya andherekken lampah/ Jeng Pangran Pringgalaya/ ingkang dinuta amethuk/ wakil pangeran dipatya//

/10/ Lan putra santana tuwin/ kya patih lan pra wadana/ kinen umiring lampahe/ Litnan Dragunder kang bekta/ ingampil mungging rata/ punang tetenger kumendhur/ aneng marga jinajaran//

/11/ Dragunder mungging turanggi/ kalih welas kering kanan/ prapta kilen loji gedhe/ kinurmatan ungelira/ mariyem ping sawelas/ myang urmatan ngalun-alun/ tan owah ing adatira//

/12/ Sapraptanireng sitinggil/ kumendhur nuli tinampan/ kalih abdi wadanane/ lajeng manjing jro kadhatyan/ sangnata nuju lenggah/ siniwakeng pandhapa gung/ mungging dhampar mas sinotyan//

/13/ Ingayap parekan cethi/ myang putra santana wadya/ pepak mungging pasebane/ residhen lan para tuwan/ Pangran Mangkunagara/ lajeng manjing pandhapa gung/ wus samya atata lenggah//

/14/ Neng kursi taraping ngarsi/ kya patih lan pra wadana/ munggeng taratag ngarsane/ wusnyantara denya lenggah/ tuwan residhen nulya/ nembung kalamun ingutus/ mring tuwan kang wicaksana//

/15/ Lamun sang nata samangkin/ kinula wisudha dadya/ kumendbur ing Urdhe dene/ Nederlan Seleyo nulya/ tetenger wus tinampan/ sang nata aturnya nuwun/ tuwan residhen anulya//

/16/ Anyandhak kumendhur aglis/ ingagemakan sang nata/ ing jaja kanan prenahe/ murub sunaring sesotya/ lir prabaning sudama/ ting paluncur angenguwung/ nelahi cahyanira sang//

/17/ Manther tejanire wingit/ myang sagung putra santana/ pra samya sukeng driyane/ di dalem prajurit ingkang/ baris ing palataran/ hurmat drel sanjatanipun/ gumuntur rambah ping tiga//

/18/ Ing loji ageng nauri/ hurmat drel mariyem rambah/ kaping selikur ungele/ gumludhug lir gelap sasra/ sawusing pakurmatan/ sang nata nulya angunjuk/ lan para tamu sadaya//

/19/ Myang putra santana sami/ wilujenge kangjeng raja/ hurmat munya tanjidhure/ anulya wilujengira/ tuwan Gupernur Jendral/ kaping tri wilujengipun/ Sinuhun Kangjeng Susunan//

/20/ Paku Buwana kang kaping/ sanga nagri Surakarta/ Kumendhur Nederlan Sleyo/ gya residhen wilujengnya/ gantya sri prameswari/ wusnya ngunjuk pamit mantuk/ risidhen lan para tuwan//

/21/ Linilan anulya mijil/ prapteng ngalun-alun agya/ kinurmatan mariyeme/ munya rambah ping sawelas/ wusnya lajeng lampahnya/ reroncene tan winuwus/ antara sawiji dina//

/22/ Sri narendra danaturi/ mring loji Paresidhenan/ dhahar pista hurmatane/ kanugrahanireng nata/ sang prabu nulya tedhak/ sore ing setengah pitu/ lan wadya putra santana//

/23/ Residhen methuk mring puri/ sagung pakurmatanira/ tan owah kadya adate/ prapta loji Residhenan/ sang nata nulya lenggah/ lan risidhen munggeng ngetrus/ neng kursi kang pra santana//

/24/ Klangenan badhaya srimpi/ beksan mungging ngarsa nata/ para tuwan tuwin mipro/ samya kacaryan tumingal/ wusnya antara bibar/ sang nata tumedhak gupuh/ mring ngarsa ningali dhangsah//

/25/ Pra tuwan lan mipro sami/ arame denire dhangsah/ samya anutug sukane/ sawusira nulya dhahar/ pista lan para tuwan/ myang putra santana kembul/ anutug denira dhahar//

/26/ wus antara biber sami/ ing wanci wus pukul tiga/ sri narendra kondur age/ reroncene tan winarna/ nuju sawiji dina/ semana kangjeng sang prabu/ arsa mangun pakurmatan//

/27/ Dhahar pista animbali/ risidhen lan para tuwan/ Pangran Mangkunagarane/ wus sami sowan mring pura/ sore satengah hastha/ jro pura padhang kalangkung/ kehing pandam lir sarkara//

2.13 Pupuh XIII Dhandhangula

/1/ Langkung endah rerengganing puri/ para tamu samyeram tumingal/ wusnya antara lenggahe/ gya sugata mangayun/ wusnya nulya badhaya srimpi/ beksa madyeng pandhapa/ munggeng ngarsa prabu/ bibaring srimpi badhaya/ para tuwan kasuken lan para gusti/ nutug askarsanira//

/2/ Wusnya kasukan gya dhahar sami/ para tuwan myang putra santana/ kya patih lan wadanane/ pra mayor upsiripun/ kinarsakken akembul bukti/ meja banjeng parengan/ watara

triatus/ kang sami andherek dhahar/ tan winarna pukul tri biberan semi/ risidhen lan pra tuwan//

/3/ Pamit mundur bibar sadayeki/ sri nsrendre kondur angsdhatyan/ tsn winarna reroncene/ maksih nunggil sitengsu/ nuju hari Kemis Pon keping/ pitulikur samana/ kangjeng sang aprabu/ dhahar pista panjenengan/ para tamu tan owah adatireki/ myang pakurmatanira//

/4/ Gantya wulan Rejeb ing sapteki/ pista tingalan dalem sang nata/ kadya ngadat kurmatane/ miwah tetamunipun/ wadyabala jalu lan estri/ balabur sekul ulam/ nyi Candra puniku/ nutug kasukan sedina/ para tamu pukul nembibarireki/ sang nata angadhatyan//

/5/ Tan winarna reroncenireki/ andugekken ing caritanira/ krama dalem sri pamase/ awit ing dina Setu/ ping patbelas Rejeb Jimakir/ lekas tapuking karya/ jaba jro gumuruh/ kya patih lan pra wadana/ makajangan aneng pasebanireki/ ing alun-alun pepak//

/6/ Wadana Kaliwon myang pulisi/ pamajegan pra samya ngalempak/ ing sagolong-golongane/ ngebeki alun-alun/ turut pinggir tepung ngubengi/ keh wanguning rerenggan/ ing pasebanipun/ asri samya kalenengan/ myang nayuban kasukan suka mepeki/ siyang dalu tan kendhat//

/7/ Tuwin ungeling gangsa sekati/ ugi awit ing Setu punika/ aneng ing Srimangantine/ kang wetan unggyanipun/ siyang dalu ungelireki/ ing pawon pamagangan/ kang sambut karyeku/ wit ngratengi sekul ulam/ myang dhaharan arungan samya nyadhongi/ wadya kang nambut karya//

/8/ Rame gumuruh swaraning janmi/ belabur sekul ulam panganan/ balehan saben harine/ kebo sapi atumpuk/ bebek ayam datan winilis/ menjangan tumpa-tumpa/ banyak biri wedhus/ kang ingolah saben dina/ tanpa wilang myang kang nyadhong siyang ratri/ jalu estri atusan//

/9/ Yel-uyelan tuwin jroning puri/ gangsa pelog selendro tinimbang/ neng bangsal palatarane/ awit pasang tetarub/ myang tuwuhan

pisang mepeki/ sagunging saka-saka/ ing taratag kepung/ taratag ngarseng Suyasa/ pan linangse sedaya ing motha putih/ prapteng tritis pandhapa//

/10/ Pinilisir turut ing taritis/ dening sutra abang biru seta/ tuwin bangsal sadayane/ tan weneh rengganipun/ miwah gyaning pandam miranti/ pinggir turut hektosen/ pinunggel palengkung/ myang madyaning palataran/ ingkang eler sinungan run wreksa putih/ rinenggeng pandam gelas//

/11/ Madyaning run pan sinungan ciri/ munya pokurmatenireng nata/ tulis Jawa Walandine/ winangun majeng ngidul/ mrih katingal saking pandhapi/ luhur sinung bandera/ ing sutra bang biru/ seta miwah kering kanan/ iring kilen sangarsane kori wilis/ ya sinungan mangkana//

/12/ Ingkang kidul tinimbangan sami/ ngarseng kori tan weneh rengganya/ lering taratag kang kilen/ sinungan wisma kampung/ mujur ngaler tepung taritis/ lan kantor Gedhang Slirang/ ingkang mejeng ngidul/ wus rinengga pan kinarya/ parerenan pra mipro lamun reresik/ in benjang lamun dhangsah//

/13/ Lan kinarya sasananireki/ para wireng yen mangun busana/ aneng ing kamar sisihe/ asri rerengganipun/ ing joba jro wus amiranti/ wadyabala sadaya/ awit sabuk sindur/ kang ngladeni miwah ingkang/ nambut karya warata dalah pakathik/ sami sindur sadaya//

/14/ Sukeng driya sagunging wadya ji/ jalu estri berag delederan/ mameraken panganggone/ arungan ngalor ngidul/ datan sayah awira-wiri/ malah dadya wiraga/ nadyan kang wus sepuh/ datan pae solahira/ lan jejaka ingkang wungkuk dadya nyenthing/ denya ulah tenaga//

/15/ Yata wau ingkang tata kardi/ surup surya samya nulad pandam/ ing dalem myang pandhapane/ tuwin taratag ngayun/ palataran wus densuledi/ palengkung run ing ngersa/ kanan kering sampun/ sumilak padhang lir rina/ jro kadhaton saenggon-enggon ngebeki/ nganjuta ari rinengga//

/16/ Sore wanci satengah astheki/ Jeng Pangeran Harya Pringgalaya/ lan kadang putra wayahe/ samya sowan malebu/ gumaredeg sami sarimbit/ tuwin rekyana patya/ lan pra wadaneku/ rahadyan ayu dipatya/ ingkang ngirid rabine wadana sami/ caos bekti mring pura//

/17/ Myang rabine kaliwon pra sami/ Jeng Pangran Harya Purbanagara/ lan mayor kaptin upsire/ asareng lebetipun/ sareng lawan abdi kang jagi/ sadaya lajeng mapan/ sowan pandhapa gung/ pangarsa Kangjeng Pangeran/ Harya Pringgalaya lawan ingkang rayi/ Jeng Pangran Priyembada//

/18/ Pra pangeran riya anambungi/ lelajuran nulya kyana patya/ lawan para wadanane/ tuwin kaliwonipun/ Pangran Kurnel ingkang nambungi/ mayor kaptin upsirnya/ lajuran atepung/ para putra panji wayah/ tundha-tundha ata ta lenggahireki/ asri puput pandhapa//

/19/ Para Panji Santana ngladeni/ miwah punakawan kasentenan/ kinembar-kembar prabote/ jeplakan sabuk sindur/ wusnya tata lenggahireki/ nulya wedang minuman/ lumadi mring ngayun/ sinaji ngarsanya samya/ tuwin jroning dalem sagung para putri/ wus sami tata lenggah//

/20/ Kangjeng Ratu Ageng kang bawani/ lawan Kangjeng Ratu Maduretna/ kangjeng ratu kadhatone/ jeng ratu bendareku/ Kangjeng Ratu Timur mungkasi/ gya putra kadang nata/ lawan pra denayu/ miwah langenireng nata/ Radyan Ayu Sasradiningrat mungkasi/ lan rabining wadana//

/21/ Apepanthan kasukan mawarni/ rabining para urdenas lurah/ ingkang ngladeni ngarsane/ mangka bebahunipun/ prasedhahan miji jro puri/ busana Sri kinembar/ sinjang Cindhewungu/ samir miwah udhet janer/ sareng pukul satengah sanga kang wanci/ abdi dalem badhaya//

/22/ Mijil saking dalem lampahnya ris/ gangsa munya sasendhon araras/prapteng pringgitan lampahe/ atata silanipun/ nembah lajeng wiwit angibing/ luwes laras ukelnya/ samya musthi pestul/ rempag ungeling sanjata/ sembadane sadaya samya yu luwih/ kinembar busananya//

/23/ Pating galebyar sarwa retna di/ tinon lir panganten arsa paanggya/ amanten siwi ragane/ kacaryan kang andulu/ gedhe cilik jalu lan estri/ wus nutug kang ambeksa/ kendel tulya suwuk/ masembah gya mundur marang/ jroning dalem gantya malih kang winarni/ para wireng Srinata//

2.14 Pupuh XIV Sinom

/1/ Sawusnya ngrasuk busana/ mijil saking gedhong sami/ majeng ning ngarseng pringgitan/ tata neng taratag ngarsi/ gangsa salendro muni/ pathet nem gendhanganipun/ Lung Gadhung bukak kendhang/ seseg beksanira wiwit/ lawung ageng sembada kang samya beksa//

/2/ Pangarsa Dyan Mas Maese/ Subrata sisihireki/ Dyan Mas Measawinata/ Dyan Mas Bratadirja nami/ sekawan Dyan Mas Panji/ Jayawidagda ranipun/ kembar busananira/ catur sedheng pekik-pekik/ awiraga luwes laras beksanira//

/3/ Parestri ingkang tumingal/ ing taratag angebeki/ dalah pawestri ing jaba/ pra bakul nem-neman sami/ prelu samya ningali/ sadaya marabot luhung/ berag arebut Papan/ ing taratag kanan kering/ jinaganan di prajurit Trunasekar//

/4/ Tuwin prajurit tamtama/ carangan miji pinilih/ tepung kang sami jejaga/ suprandene kang ningali/ datan kena sinapih/ ginusah sakedhap mundur/ rame uyel-uyelan/ tan dangu prasamya bali/ kongsi wegah kang jaga denira gusar//

/5/ Malah ketunjel genira/ pan saking kathahing janmi/ lir sulung uleng-ulengan/ selur kadya lawa mulih/ anggili banyu mili/ beleg kang samya malebu/ balabor mring plataran/ sagon-gon kebekan janmi/ pan sadaya kayung-yun arsa uninga//

/6/ Kuneng kang samya tumingal/ wuwusen ingkang angibing/ wus dugi suwuk araryan/ nembah samya mundur mulih/ marang gedhongireki/ tetayungan unduripun/ kang sowan ing pandhapa/ pra santana myang bupati/ pan sadaya kacaryan denya tumingal//

/7/ Sadaya angelembana/ mring beksaning wireng sami/ wus antara kendelira/ nulya wireng mijil malih/ saking gedhongireki/ laju mring taratag ngayun/ sawusnya tata lenggah/ nuli gangsa wiwit muni/ pathet barang pelog bukanira rebab//

/8/ Kendhang kalih gendhing Sobrang/ Panji Nem beksanireki/ sareng nembah wiwit beksa/ sembada kang samya ngibing/ catur sedheng taruni/ naracak abagus-bagus/ kembar busana endah/ pangarsa Radyan Mas Panji/ Danuwirya lan Raden Mas Dipayana//

/9/ Katrinya Raden Mas Priya/ Kusuma caturireki/ Rahadyan Mas Dipasena/ samya luwes ing pangibing/ seseg gendhingireki/ kang beksa wilet abesus/ eram ingkang tumingal/ jalu estri ageng alit/ pan sadaya kacaryan arebut papan//

/10/ Dahat denirarsa wikan/ kuneng kang samya ningali/ yata kang samya ambeksa/ wus tutug angaso nuli/ manembah mundur aris/ marang pagedhonganipun/ suwuk gamelanira/ gentya di dalem sarimpi/ para putri mijil saking dalem Pura//

/11/ Catur kinembar busana/ sasendhon munya aririh/ preptanireng paringgitan/ nembah lajeng wiwit ngibing/ Canthangbalung nyenggaki/ rempeg keplok-keplokipun/ tan geseh ukelira/ liru gon rikat asirig/ kang tumingal kacaryan ing beksanira//

/12/ Sawusnya musthi sanjata/ suwuk bibar kang angibing/ mundur manjing dalem pura/ gantya malih kang winarni/ pukul kalihwlas wanci/ kang sowan ing pandhapa gung/ samya pinaring dhahar/ tinata aneng pandhapa/ ingkang kidul dhepokan puput pandhapa//

/13/ Mujur ngidul lelajuran/ ambeng triatus tridesi/ Jeng Pangeran Pringgalaya/ lan ari Pangeran Panji/ mangka mukaning tami/ lenggah ler majeng mangidul/ ing ngarsa para putra/ Sentana tuwin bupati/ mayor kaptin upsir riya panji wayah//

/14/ Di dalem urdenas lurah/ ingkang samya angladeni/ tuwin abdi kadipatyan/ ranan Gindes miwah Panji/ Kanoman lawan abdi/ punakawan santaneku/ ajidan babahunya/ kembarbusananireki/ sabuk sindur sinjang bathik Latarpethak//

/15/ Iket tengah semu kirang/ tempen sami anyangkelit/ pedhang mas tuwin salaka/ wong sawidak winitawis/ kang samya angladeni/ yata kang dhahar akembul/ nutug sasenengira/ sami ngunjuk sawatawis/ sareng pukul satunggal samya bubaran//

/16/ Laladen wus cinarikan/ dening kang samya ngladeni/ jroning dalem kawuwusa/ para ratu para putri/ wus samya dhahar nunggil/ lawan para tamu-tamu/ neng madyaning jarambah/ parekaning kang ngladeni/ kawandasa kinembar busenanira//

/17/ Sinjang kampuh udhetira/ tan pae sadaya sami/ rabining urdenas lurah/ samya tugur mangladeni/ ingkang mangka tetindhih/ sira Dyan Ayu Tumenggung/ Wiryadiningrat apan/ sinung sasana pribadi/ ngiras anjenengi denya tata-tata//

/18/ Yata kang samya dhedhahar/ wus mugi bibaran sami/ caosan wus cinarikan/ marang kang sami ngladeni/ roncene tan winarni/ semana sagung para rum/ sawusira dhadhahar/ alekas kasukan malih/ weneh samya marak mring Paku Buwana//

/19/ Jeng Ratu Paku Buwana/ gerah sarira ngranuhi/ antara samadya candra/ denira datan siniwi/ ing ratri pukul kalih/ saya metek gerahipun/ pra putri putra wayah/ samya marak anenggani/ dalah ingkang kesukan neng Prabayasa//

/20/ Tumuntur mring Paku Banan/ sepuh anem angebeki/ anengga Sri Prameswara/ ingkang anem angladeni/ ing solah tan winarni/ duk semana kangjeng ratu/ pan wus takdiring mangsa/ kondur mring rahmatolahi/ wanci pukul gangsal-injang maskumambang//

2.15 Pupuh XV Maskumambang

/1/ Ing nalika puniku mapanireki/ Sang Nrepadayita/ kagyat sagung para putri/ gumuruh sareng karuna//

/2/ Anglir gerah bareng swaranireng tangis/ sagunging para dyah/ sesambate amlas asih/ arungan dandan parungyan//

/3/ Sri narendra pan lagya sakeca guling/ kapyarseng panendran/ sesambating para putri/ tan liyan ingkang sinambat//

DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR

/4/ Prameswari kalawan sri narapati/ samya tebah jaja/ adhuh gustiku sang aji/ dhuh-dhuh nyawa gustiningwang//

/5/ Katuwone temen babo gusti mami/ iya dhaupira/ pan namung kirang sahari/ kang ibu sri prameswara//

/6/ Tega temen atilar putranireki/ mung nganti sepira/ teka nora amenangi/ ing panggihe ingkang putra//

/7/ Kaya paran mangkya solahireng aji/ sakethi tan nyana/ yen kadya mangkene iki/ akathah sesambatira//

/8/ Para putri tan mendha tangisireki/ yata sri narendra/ kagyat wungu denya guling/ pepungun myarseng karuna//

/9/ Wus dinuga mapate sang ibu sori/ nging dereng tumedhak/ saking patilamireki/ tan dangu kang ibu prapta//

/10/ Kangjeng Ratu Ageng gupuh sung udani/ sarwi rawat waspa/ adhuh putraningsun kaki/ ibunta sri prameswara//

/11/ Kondur maring kalanggenganing samangkin/ paran karsanira/ mangkene lelakon iki/ yata wau sri narendra//

/12/ Duk miyarsa andikaning ibu sori/ Sri Pamasa dahat/ gegetunireng panggelih/ temahan angemu waspa//

/13/ Andrawaya lunturing pangkon nelesi/ tinahanan meksa/ kang ibu mangrangkul aris/ mring lungayanireng putra//

/14/ Prameswari tumuntur karuna aris/ dres wijiling waspa/kathah sesambatireki/ myang sagung putri santana//

/15/ Pan sadaya tumuntur karuna sami/ sajroning puraya/ barung swaranireng tangis/ saenggon-enggon karuna//

/16/ Datan kena sinirep kang samya nangis/ tuwin ta sirasang/ kusuma sekaring puri/ nalika sareng miyarsa//

/17/ Turing cethi surude sang ibu sori/ sang narpa tenaya/kalangkung kagyat ing galih/ gumeter sarira lupa//

/18/ Gunging tresna datan bisaa naheni/ temahan kantaka/ neng madyaning tilam sari/ lalu tan tolih nalirah//

/19/ Para putri wruh yen sang musthikeng puri/ sekaring puraya/ kalemper mangrangkul guling/ sadaya anjrit karuna//

/20/ Kumurubut nungkemi pada anangis/ gumuruh sesambat/ dhuh-dhuh gustiku dhuh gusti/ dhuh nyawa bendara kula//

/21/ Kawlasana sagung dasihira gusti/ ywa kadarung dahat/ sarenging driya wiyadi/ karsa manglampus serira//

/22/ Kaya paran cethine sadaya sami/ lamun tinilara/ sapa kang ingsun ngengeri/ pan amung seriranira//

/23/ Kang pinuji anjalma kaping sakethi/ datan nedya pisah/ misah dinasihna sami/ aywa sah sesananira//

/24/ Lan paduka tumekane ngawal akir/ kawula kusuma/ tan sedya pisah lan gusti/ yata sang lesmining pura//

/25/ Lamat-lamat miyarsa sambating cethi/ sajroning kantaka/ sanget welasireng dasih/ engeting driya gya lenggah//

/26/ wungunira pepungun puteking galih/ mung maca udrasa/ tansah karaos ing galih/ anutuh seriranira//

/27/ Kaya paran wekasane awak mami/ sakethi tan nyana/ jeng ibu tega tan tolih/ maringsun kawelas arsa//

/28/ Katuwone temen raganingsun iki/ gung dadya lalakyan/durung mentas ing yomani/ tinilar ing yayah rena//

/29/ Yen awerta mangkene wakingsun iki/ dhuh Sang Murbeng Jagad/ banjuten laruten aglis/ urip tan daman ing dunya//

/30/ Para putri ting salenggruk matur aris/ adhuh guatiningwang/ aywa kadarung wiyati/ pupusen karsaning Sukama//

/31/ Ing lelakon manusa darme nglakoni/ begja myang cilaka/ wus tinakdir duk ing nguni/ saderengire neng dunya//

/32/ Datan ketang mesgul myang nampik amilih/ upama kalena/ mungging samodra upami/ manut saombaking tirta//

/33/ Duk semana kusuma sekaring puri/ miyarsa turira/ sagung ingkang para cethi/ enget sareh driyanira//

/34/ Nanging maksih minggu datan kena angling/ tansah ngemu waspa/ baluting netra alindri/ sangsaya imbuh araras//

/35/ Wenesing kang cahya tumeja awingit/ tuhu tanpa sama/ kekuwungira nelahi/ nyirnakken langening pura//

/36/ Ukel lukar sumawur kang sari-sari/ anjrah tibeng marang/ anteroning kasur sari/ kongas amrik gandanira//

/37/ Kuneng ingkang lagya amangun wiyadi/ malih kawuwusa/ layon risang prameswari/ apan wus pinaripurna//

/38/ Dening putra santana pinarnah mungging/ sadalem ing kamar/ madya ing panepen masjid/ wus pinanjingken tabela//

/39/ Para gusti kakung putri angrukteni/ sagunging parenggan/ sadaya sampun miranti/ myang para wadya punggawa//

/40/ Ingkang badhe umiring marang Magiri/ wus sami mirantya/ kuneng gantya kang winarni/ ing wanci pukul sawelas//

/41/ Lebetira sasrahan dalem mring puri/ saking Kapatihan/ mijil kori Srimanganti/ kang dherekken pra wadana//

/42/ Tuwin para kaliwon panewu mantri/ di dalem kaparak/bekta waos anjajari/ kalawan abdi panyutra//

/43/ Dadya wolung dasa kang samya jajari/ asri lempahira/tinonton saurut margi/ sapraptanireng jro pura//

/44/ Kandheg aneng plataran katuring aji/ abdi parak jaba/ ingkang tinuduh nampeni/ lajeng pinarnah ing tratag//

/45/ Warna-warna rerenganire mepeki/ wus kinen nimpena/ aneng ing gedhong sawiji/ kuneng malih kang winarna//

/46/ Layon risang prameswari sareng wanci/ sore pukul gangsal/ dhawuh dalem sri bupati/ lajeng kinen ngangkatena//

/47/ Wadyabala geng alit samya miranti/ sang nata gya tedhak/ jenengi bidhalireki/ residhen lan para tuwan//

/48/ Pangran Mangkunagara sakadang siwi/ samya sowan nglayad/ asareng lebetireki/ lan residhen myang pra tuwan//

/49/ Wus miranti anulya amangkat aglis/ sagung pra sentana/wijilira saking masjid/ kang samya manggul tabela//

/50/ Sri narendra aneng puri anjenengi/ kekanthen kalawan/ residhen myang sekretaris/ aris lampahnya asmara//

2.16 Pupuh XVI Asmaradana

/1/ Gumredeg lempahira ris/ mijil lering pamethelan/ anjog plataran ngarsane/ wadya putra myang santana/ kang jajari kang ngarsa/ prajurit hurmat neng ngayun/ tambur tanjidhur tinembang//

/2/ Asri swaranya senggani/ pelog salendro neng bangsal/ kalawan gangsa sekaten/ tinembang neng Srimangantya/ semana sri narendra/ neng wurine layonipun/ lan risidhen kanthen asta//

/3/ Para ratu myang pra putri/ tumingal neng paringgitan/ pra cethi munggeng tratage/ miwah neng jroning candhela/ sadaya arsa wikan/ angkating layon Jeng Ratu/ sagunging para biyada//

/4/ Sareng tumingal untabing/ layon samya rawat waspa/ pating selenggruk tangise/ kadya tumunturing lampah akathah sambatira/ ton liyan Kangjeng Sang Prabu/ kang sinambating karuna//

/5/ Yatalah gusti sang aji/ denirarsa mangun krama/ teka ana pangkalane/ iya nora dadi ngapa/ pan wus takdiring Sukama/ nanging kang dadya gumunku/ Jeng Ratu Paku Buwana//

/6/ Aku tan nyana tan ngimpi/ dene tege temen tiler/ marang putra sakalihe/ jeng gusti sekaring pura/ tuwin kangjeng sang nata/ nadyan mangkonoa, iku/ bok ngentosi dhaupira//

/7/ Kang putra sri narapati/ apan mung kurang sadina/ sandhinge amuwus alon/ iya bener ujarira/ nanging jeng prameswara/ ingsun ngalem sedanipun/ patitis pamusthinira//

/8/ Ing nguni rawuhireki/ saking nagari Madura/ pinethuk hurmat sekaten/ tuwin sagung pakurmatan/ ing mangkya mapat dira/ dilalah panujonipun/ ya ingiring pakurmatan//

/9/ Rarenggan miwah sekati/ tan pae lan rawuhira/ dhuh yatalah gustiningong/ saged temen tilar donya/ keh warnaning rerasan/ yata wau lampahipun/, prapteng kori Pamagangan//

/10/ Lajeng lampahira aris/ para gusti kang mangrembat/ ginantyan para putrane/ sanggyaning wandawa mudha/ giliran kang anampa/ ing marga saurutipun/ wong ningali tanpa wilang//

/11/ Prapteng alun-alun nuli/ hurmat drel mariyemira/ rambah gumuntur swarane/ tambur salompret araras/ aris lir melu susah/ pangliking suling abarung/ pindha panjriting karuna//

/12/ Swareng tanjidhur melingi/ lir sambet amenggah-menggah/ bedhug tan kandheg unine/ lir dyah kang atebah jaja/ sadaya kang kamargan/ langening jagad sawegung/ surem kadya melu susah//

/13/ Awlas mring sri prameswari/ angin surya ris lampahnya/ lir milya umiring layon/ layangan layung segera/ sumunu praba jenar/ muwuhi srining kadulu/ semana sri naranata//

/14/ Kendel neng luhur satinggil/ jumeneng akanthen asta/ kalawan tuwan residhen/ tumingal untaping lampah/ semana layonira/ wus menggok mangilen laju/ kang marga datan winarna//

/15/ Sri narendra kondur aglis/ lan residhen kanthan asta/ aris arereh lampahe/ wus prapta sajroning pura/ lajeng lenggah pandhapa/ lawan para tamu-tamu/ mung sakedhap lajeng biber//

/16/ Tuwan residhen wus mulih/ tuwin sagung para tuwan/ sang nata kondur ngadhaton/ tan winarna solahira/ yata sang tata karya/ rerenggen jroning kadhatun/ sampun miranti sedaya//

/17/ Pukul nem wus densuladi/ krun setali ing Suyasa/ tuwin pandhapa kalihe/ myang rerenggan palataran/ wus samya sinumedan/ ting paluncar sri kadulu/ sumilak padhang lir rina//

/18/ Jagongan midadareni/ ing malem Senen punika/ sarwa endah rerenggane/ ing wanci setengah astha/ kang sowen jagong samya/ geng alit sampun malebu/ Jeng Pangeran Pringgalaya//

/19/ Lan pra kadang tuwin siwi/ myang sagung para wedana/ mantri mukya tetindhihe/ Jeng Pangran Purbanagara/ lan tarerehanira/ lajeng mapan pandhapa gung/ wus atata lenggahira//

/20/ Tuwin Dyan Ayu Dipati/ ngirid rabining wadana/ wus samya manjing kadhaton/ myang garwaning pra pangeran/ pepak samya umarak/ tata samya lenggahipun/ neng jarambah Prabayasa//

/21/ Pepanthan kasukan sami/ myang para ratu sadaya/ warna-warna kasukane/ sri narendra wus alenggah/ neng madyaning jarambah/ ingayap para rum-arum/ sareng wanci pukul sanga//

/22/ Klangenan bedhaya mijil/ saking dalem Prabayasa/ sanga kinember prabote/ sadaya ayu utama/ karengga ing busana/ lir panganten arsa pangguh/ wus tata ing paringgitan//

/23/ Lajeng wiwit beksa sami/ tan winarna solahira/ enenging badhaya wireng/ beksa neng taratag ngarsa/ para putra santana/ pinilih kang bagus-bagus/ enenging wireng gumantya//

/24/ Langen sarimpi pra putri/ catur samya ayu endah/ pinanthan kembar prabote/ nenging sarimpi ginantya/ wireng pra putra nata/ sakawan taruna bagus/ pra samya wignyeng pambeksa//

/25/ Kacaryaning kang ningali/ jalwestri arebut papan/ myang kang sami sowan jagong/ eram myating beksanira/ wireng srimpi badhaya/ naracak tuwin apatut/ pantes lan busananira//

/26/ Wus tutug kang samya ngibing/ bubar mundur mring gyanira/ tan winarna reroncene/ sareng pukul kelihweles/ kang sowan samya dhahar/ marang ing pandhapi kidul/ pukul satunggal bubaran//

/27/ Sadaya wus samya mulih/ mring daleme sowang-sowang/ yata warnanen enjinge/ Senen Manis ping nembelas/ Rejeb Jimakir warsa/ Sengera ing wuku Tolu/ dadi trus sabdaning nata//

/28/ Ing dina puniku nenggih/ ijab dalem sri narendra/ satengah astha saate/ awit ing pukul nem enjang/ prajurit jro pan samya/ baris palataran ngeyun pra sami kanthi sanjata//

9.17 Pupuh XVII Kinanthi

/1/ Tindhih mayor upsiripun/ mysng abdi prajurit jawi/ wus Sami mapan barisnya/ manggen ing adatireki/ sagolong-golonganira/ prajurit Jawi Walandi//

/2/ Sagung pakurmatanipun/ lir tingalon dalem tuwin/ pista panjenengan nata/ pra santene ageng alit/ wus samya pepak sadaya/ manggen pasebanireki//

/3/ Pameren busananipun/ pepanthen tepung ngubengi/ sareng wanci pukul sapta/ sri narendra miyos saking/ kadhaton ginarbeg para/ biyada kang ngampil-ampil//

/4/ Lajeng lenggah pandhapa gung/ neng dhampar salaka putih/ sadaya binara seta/ myang sagung rerenggan sami/ ngagem kampuh tumpal seta/ apaningset renda putih//

/5/ Binara burliyun pingul/ alancingan kresting putih/ tinepi ing renda seta/ sadaya agemira ji/ tuhu caraning paningkah/ rerenggan seta sanggyaning//

/6/ Sawuse lenggah sang prabu/ tan dangu residhen prapti/ andeg aneng wijil pisan/ pinethuk wadana estri/ lajeng ingirid mring pura/ lan pra tuwan-tuwan tuwin//

/7/ Pangran Mangkunagaraku/ saha putra wandaweki/ umiringcara Walanda/ lajeng minggah ing pandhapi/ kya patih lan pra wedana/ kaliwon panewu mantri//

/8/ Ngirid Kyai Mas Pangulu/ lan Ketib Ngulama Kaji/ jajar Juru Suranata/ asareng lebetireki/ myang pradikan desa-desa/ geng alit datanpa wilis//

/9/ Anggili beleg lumintu/ neng pintu pipit-pinipit/ dhesekan arebut ngarsa/ endhel kaum alit-alit/ atundhung keh galundhungan/ kethu teles tibeng siti//

/10/ Barundbul lempahnya ngunthul/ barundhul gundhul mandhelip/ kang nguyel madyaning lawang/ lir lawa belek duk mulih/ uleng samya rebut ngarsa/ dahat denirarsa uning//

/11/ Ajidan dalem sang prabu/ yata sadaya wus manjing/ tata lungguh ing taratag/ ing satengah astha wanci/ kyana patih tinimbalan/ lawan wadana kekalih//

/12/ Ngirid Kyai Mas Pangulu/ lan Ngabehi Resaniti/ myang lurah kaji sajuga/ majeng mring ngarsanira ji/ angijabaken paningkah/ ira Kangjeng Sri Bupati//

/13/ Ingkang mangka wakilipun/ Jeng Pangran Adisuryeki/ kadang sang narpa dayinta/ nanging wus masrahken maring/ Mas Pangulu sahadaya/ peningkahira sang rayi//

/14/ Tan winarna roncenipun/ wus purna ijabireki/ sang nata nulya tabehan/ alawan risidhen tuwin/ sagung para tuwan-tuwan/ tuwin para rama sami//

/15/ Salaman lan sang aprabu/ sawusira sri bupati/ lenggah ing dhampar kencana/ tinaretes ing retna di/ kya patih lan pra wadana/ nembah mundur sing ngarsa ji//

/16/ Angirid Kyai Pangulu/ lan Katib Ngulama Kaji/ medal marang Pagelaran/ munggang munya neng satinggil/ hajat dalem jatingarang/ mijil saking dalem puri//

/17/ Gumaredeg lampahipun/ Kaliwon Gedhong kang ngirid/ sapraptaning Pagelaran/ lajeng dinonganan nuli/ wus purna binage rata/ yata warnanen sang aji//,

/18/ Wus antara samya ngunjuk/ lan pra tamu sadayeki/ wusnya ngunjuk kinurmatan/ drel sanjata lebet jawi/ gumuntur rambah ping tiga/ mariyem ageng nauri//

/19/ Munya munggeng alun-alun/ Kiyai Suhbrastha tuwin/ Kiyai Sagarawana/ lir gelap sasra nenggani/ sinalahan palayangan/ kaping pitulikur tuwin//

/20/ Mriyem beteng ping salikur/ gumuludhuk mewanti-wanti/ suwuking mariyem nulya/ wedang lumadi ing ngarsi/ para panji putra wayah/ ingkang samya angladeni//

/21/ Kinembar busananipun/ tridasa samya taruni/ wus warata sadayanya/ para tamu tuwan tuwin/ gung alit para sentana/ kawratan samya linarih//

/22/ Wus antara lenggahipun/ risidhen pamitan mulih/ kalilan nulya bibaran/ para tamu tuwan sami/ gumuntur sareng undurnya/ sri narendra kondur aglis//

/23/ Maring dalem pura sampun/ ginarebeg para cethi/ ing solah datan winarna/ yata kang winuwus malih/ di dalem edan-edanan/ kang munggeng magangan sami//

/24/ Rame swaranya gumuruh/ neka busananireki/ watara wong pitungdasa/ geng alit jalu lan estri/ samya mendem ting salengkrang/ bebengkrakan tanpa keris//

/25/ Gung beburu mring wong dulu/ angincih gyaning pawestri/ sodor dakar kineryonclang/ bubar kang tinerak ajrih/ jogedan agibrah-gibrah/ kang brengos angus mantesi//

/26/ Weneh ing pawon gumrubyug/ wong sepuluh angulati/ adidan tukang papriksa/ sajuga kaduknya nyengit/ awasta Mas Mangunjaya/ puniku denincim-incim//

/27/ Katemu lagya alungguh/ nulisi cadhongan nasi/ yata kang samya angedan/ wong sepuluh bareng bekik/ lah iki kang Mangunjaya/ sasuwene sun ulati//

/28/ Andhelik dhemen gonipun/ wong sepuluh bareng angling/ Mas Mas pun dicadong kula/ saweg andika pirsani/ kancakule ingkang edan/ wong satus kepara luwih//

/29/ Pariksanana den-gupuh/ lamun tan ngandel samangkin/ wong sepuluh ting salengkrang/ ting begitu anyableki/ Mas Ajidan Mangunjaya/ biyas ulatira putih//

/30/ Gumeter tan bisa muwun/ kang anggodha sukeng galih/ wong sepuluh nyandhak sega/ geluprut ajelih-jelih/ gegere ingurep sega/ Mas Ajidan den-gujengi //

/31/ Kang edan suka gumuyu/ lega tyase nulya mijil/ saking pawon mring magangan/ lincak-lincak asesirig/ saweneh amanggul dakar/ sakempol gengnya sinunggi//

/32/ Cemeng kepala ginincu/ menterah wus angebeki/ sukeng tyas ingkang tumingal/ sanggyaning para pawestri/ merang tan arsa umiyat/ ingujud kang ngleluwihi//

/33/ Kekes miris jroning kalbu/ kang darbe berag angibing/ kang tumingal sukeng driya/ bubar kang dipunparani sareng wanci pukul sanga/ tinimbelan mring jro puri//

/34/ Sadaya ingirid malbu/ gumredeg sareng lumaris/ tan aris sarwi anembeng/ bendhe myang gangsa saruni/ rame wor swaraning janma/ sri narendre aningali//

/35/ Neng madyaning pandhapa gung/ lawan sagung para putri/ myang manggung cethi parekan/ neng taratag angebegi/ sadaya suka tumingel/ marang solahe kang baring//

/36/ Tan ering samya atarung/ beburon serwi sesirig/ cerik-cerik awerewetan/ ting beraok bekik-bekik/ bukak iket sesodoran/ saweneh para pawestri//

/37/ Glung gundhel pupur pinatut/ kewes wus jibles pawestri/ gung geguyon lawen priya/ sesiwonan angaduki/ tan wikan-wikan anarka/ lamun satuhuning estri//.

/38/ Labeting baring awuru/ tan wirang tinonton jalmi/ warna-warna solahira/ nutug sakayuning galih/ angetog sukaning driya/ dennya ngauli ing gusti//

/39/ Wus luwar ing mangkya sampun/ gustine amangun krami/ sawusnya antara nulya/ sadaya tinundhung mijil/ bubar wangsul mring magangan/ sri narendre kondur aglis//

/40/ Marang dalem pura sampun/ ginarebeg para cethi/ myang para putri sadaya/ umiring sri narapati/ tan winarna solahira/ yata wau kang ambaring//

/41/ Sadaya angaso mantuk/ soweng-soweng mring wismeki/ samarga gung suka-suka/ ingiring wong aningali/ raryalit kalangkung suka/ tumingal solahing baring//

/42/ Gung rinasan mring wong dulu/ ana ingkang muwus aris/ aku gumun ingkang edan/ akeh wanguning priyayi/ jalwestri panduganingwang/ kang tinutur ana puri//

/43/ Lah iya bener ujarmu/ dhasar iku para mantri/ martakeh kang timang sela/ mantri kadipaten tuwin/ rasan gindes myang jayengan/ damel pasindhen jalwestri//

/44/ Ingkang mendem gedhe dhuwur/ ika abdi tukang kulit/ ran Mas Lurah Suratruna/ de kang ireng endhek cilik/ lucu anggawa gathelan/ gung marani gon pawestri//

/45/ Berak kaduk sugih guyu/ guyune renyah lir estri/ ingkang pasindhen badhaya/ Jayengpena ranireki/ kang tinutur malih tanya/ lah ika kang cara estri//

/46/ Apa wadon apa jalu/ kang tinanya anauri/ wruhanta ika wong lanang/ pan ingsun durung udani/ kabar abdi Ngadijayan/ tan wikan genahing sami//

/47/ Akeh warnaning pamuwus/ kuneng kang rerasan angling/ wuwusen abdi jro pura/ kang samya anambut kardi/ myang tata sagung rerenggan/ sadaya sampun miranti//

/48/ Asri swaranira arum/ sareng jam sakawan wanci/ abdi prajurit jro jaba/ wus samya mapan abaris/ tan owah nalika injang/ miji kori Srimanganti//

2.18 Pupuh XVIII Mijil

/1/ Wadya santana geng alit sami/ wus seba maring jro/ manggen aneng pasebanirandher/ pan sadaya abusanan adi/ para sepuh sami/ ngagem kampuh sindur//

/2/ Tuwin ingkang samya angladeni/ kinember agolong/ ageng alit sabuk sindur kabeh/ bebet iket bathik Latarputih/ myang abdi pawestri/ kinembor pinatut//

/3/ Sinjang cindhe sami kesting kuning/ udhet miwah dodot/ kembar-kembar pinantes lungguhe/ sukeng priya aberag birahi/ anggung wira-wiri/ dlerengan abesus//

/4/ Mesem ngupaya karya gung mijil/ mung ngremih katonton/ tanpa sayah ingkang para anem/ yata sareng pukul gangsal wanci/ tuwan risdhen tuwin/ pra tuwan gung-agung//

/5/ Pangran Mangkunagara umiring/ sowan mring kedhaton/ sareng lawan residhen lebune/ lan pra putra samya cara Wlandi/ myang rekyana patih/ lan pra wadaneku//

/6/ Sareng umiring lebetireki/ sapraptanireng jro/ hurmat gangsa tanjidhur arane/ pelog selendro neng bangsal ngsrsi/ resdhen lan pra tami/ ingancaran sampun//

/7/ Mring Pangeran Pringgalaya nuli/ laju lampah alon/ minggah marang ing pandhapi gedhe/ tata samya lenggah aneng kursi/ sang saindya mantri/ lan sakancanipun//

/8/ Samya seba ing teratag ngarsi/ santana wadya jro/ wus amapan pasebanirandher/ pelataran tepung angubengi/ gang alit jalestri/ abusana murub//

/9/ Meja dhahar pan sampun rinakit/ neng pandhapa ijo/ kang anata abdi urdenese/ lurah Gindesranan miwah Panji/ kadipaten tuwin/ kaneman angumpul//

/10/ Punakawan kasentanan tuwin/ bekel jidan pawon/ kawan-desa mangka bebaune/ mantri gedhong ingkang anjageni/ mantri gandhik sami/ milya usung-usung//

/11/ Dhedhaharan kang tinata saking/ gedhong bangsal paos/ andelidir uruting lampahe/ amasrahken marang ing pandhapi/ upas kang nampani/ asta kang mangatur//

/12/ Tuwan resdhen ingkang anyaosi/ bebabu astha wong/ pan sadaya kinembar prabote/ ngumpul lawan urdenas Walandi/ myang Okmester koki/ encik benggaleku//

/13/ Tan winarna reroncening kardi/ kabeh wus mirantos/ tuwin sangganing rerenggan kabeh/ ing jaba jro tuwin ing pandhapi/ yata kang winarni/ kangjeng sang aprabu//

/14/ Mungging kamar ing kadhaton adi/ ing purwa kianot/ ngrasuk busana cara panganten/ kampuh panganten anyar linuding/ mandrawa nelahi/ clana cindhe wungu//

/15/ Pinarada ingujung tinepi/ rinda mas kinaot/ ukup renda buliyun gombyoke/ wangkingan selut salorok adi/ barliyan sikeling/ mirah bang gung-agung//

/16/ Burat jenar geganda mrik minging/ manglingi yen tinon/ lir Sang Parta nalika panggihe/ lan kusuma ing Banoncinawi/ rerengganing sotya di/ tan kena winuwus//

/17/ Lir prabaning andaru nelahi/ busananing katong/ ting gelebyar gebyaring retnakeh/ kehing regan sadaya diadi/ adining retna di/ wus kagem ing prabu//

/18/ Abyor mubyar ngebeki jro puri/ karya ram kang tinon/ lir kataman baskara tingale/ ageng alit kasmaran ningali/ denira sang aji/ tejanya ngenguwung//

/19/ Kekuwunge nelahi sebumi/ tuhu yen kineot/ ing rat Jawa tan ana timbange/ tuwin gusti sang panganten putri/ wus rinengga dening/ busana di luhung//

/20/ Neng Sasana Ageng Darusuci/ nulya tan kinaot/ kilen kamar purwa utamane/ para ratu ingkang andadosi/ ingkang mangladeni/ sanggyaning para rum//

/21/ Ngagem kampuh sekaran linuding/ parada kinaot/ pamekak jenar kinembang mase/ mandhalagiri pinrada adi/ sinjang Cindhewilis/ pinarade murub//

/22/ Gelung ageng rinengga ing sari/ cundhuk inten abyor/ ting galebyar ngenguwung tejane/ sengkang bapang geng panunggul siji/ sumorot ngebeki/ sajroning kadhatun//

/23/ Kehing sotya tan kena winilis/ agemnya sang sinom/ lir andaru sumorot tejane/ tuhu lamun pinunjul ing bumi/ musthikaning putri/ sarining para rum//

/24/ Tinon lir dyah ing Banoncinawi/ manising paseman/ pantes wignya amonging maru keh/ ageng alit wong sadalem puri/ lam-lamen ningali/ mring kang musthikeng rum//

/25/ Yata sawusnya busana adi/ kalihira miyos/ saking kamar pinatah kalihe/ madyeng jarambah Prabayasa di/ ingayap pra putri/ kanan kering ngayun//

/26/ Tinon lir Kamajaya lan Ratih/ kuwunge sumorot/ angilangken langening purane/ dening kaya sang panganten kalih/ sang retna lir sasi/ purnama umancur//

/27/ Lir sunaring bathara nelahi/ prabanireng katong/ sawusira antara lenggahe/ Jeng Pangeran Pringgalaya tuwin/ Jeng Pangeran Panji/ ngacarani tamu//

/28/ Risidhen myang pra tuwan sami/ ingaturan gupoh/ marang dalem amethuk panganten/ para ageng jumeneng lumaris/mring Prabayasa di/ tundhuk lan sang prabu//

/29/ Wusnya tabeyon lajeng kinanthi/ sang nata umiyos/ mring pandhapa gya lenggah dhampare/ horeg sagung kang mungging pandhapi/ yata sang retna di/ kang aneng dalem gung//

/30/ Pinarnahken lenggahira mungging/ ngarseng pintu kaot/caket lawan kajogan tepine/ yata wau kangjeng sri bupati/ jumeneng kinanthi/ resdhen kananipun//

/31/ Tuwan kumendhan keringireki/ lampahira alon/ para sepuh garabeg durine/ pra pangeran tuwan-tuwan sami/ sapraptanya mungging/ madyeng kori agung//

/32/ Kangjeng Ratu Ageng gya anganthi/ mring putra sang sinom/ tuwin para ratu sadayane/ myang para dyah gerabeging wuri/ Kangjeng sri bupati/ pinanggihken sampun//

/33/ Lan kang garwa sanga panganten putri/ gya kinanthi alon/ para ibu ing kanan keringe/ wusnya lenggah ing jarambah kalih/ jajar pan anunggil/ ing kasuran bludru//

/34/ Bludru rata tinepi rinda di/ bara sekar suroh/ babut wilis pasagi lemeke/ majeng mangetan lenggahiireki/ kang ngayap ing wuri/ para ratu-ratu//

/35/ Tinon saking mandrawa mantesi/ kang lenggah karongron/ kadya wulan lan diwangkarane/ sunaring panjuta surem wingwrin/ merang kasor dening/ prabanireng prabu//

/36/ Tuwin gusti sang panganten putri/ gumebyar mancorong/ sarawungan lan prabaning rajeng/ lir andaru langulengan mungging/ jroning dalem puri/ karyeram kang dulu//

/37/ Wong ningali jejel tanpa wilis/ ngebeki kadhaton/ ageng alit tan ana selane/ tuwin pawestri ing jaba sami/ prelu aningali/ marang jro kadhatun//

/38/ Saking dahatdenyarsa udani/ panggihnya sang katong/ kathah ingkang katemben weruhe/ sami suwung sanggyaning kang panti/ tan agelem kari/ geng alit gumrubyug//

/39/ Sagon-enggon kang kebeken janmi/ sajroning kadhaton/ sungsun timbun jejel uyel gebel/ rebut papan tan kena sinapih/ pinepet lan kori/ meksa andharusul//

/40/ Ingkang jaga wegah anggusari/ ketunjang wong nonton/ ing taratag bentet estri gebel/ ambalabar mring plataran sami/ gung pipit pinilit/ tan na selanipun//

/41/ Mapan sila kang wus munggeng ngarsi/ ing puri anjongok,/ wuri pisan andhodhok myang jengkeng/ wonten ingkang ngadeg sarwi jinjit/ denirarsa uning/ ing gusti sang prabu//

/42/ Ginusaran mring prajurit yayi/ horeg solahe wong/ migak-migek saking wus kebake/ ginebugan lan mundur sanyari/ katempuh ing grimis/ nekad samya kudhung//

/43/ Dhedhesekan ing ngarsa myang wuri/ keh tiba kajongor/ myang karungkep katunjang ingakeh/ lare alit nangis ting jalerih/ kapipit ing jalmi/ sambat biyungipun//

/44/ Ingkang gendhong kodheng tan paduli/ mung prelu anonton/ ana estri ribenat suwenge/ tan rinasa kongsi dawir sisih/ saking kehing jalmi/ tan bisa amburu//

/45/ Weneh ana ngemban anak bayi/ pan maksih ingojong/ abang lagya umur salapane/ biyangira kudu arsa uneng/ neng tengah kepipit/ dening wong dedulu//

/46/ Nuju ginusar dregunder jagi/ katunjang kehing wong/ tan bisa polah krungkep tibane/ temah kedeg sakathahing jalmi/ bayi dadya lalis/ keles ing wong dulu//

/47/ Biyangira polah tan pakolih/ uleng solahing wong/ kawlas asih bayi antakane/ biyangira nangis sarwi mulih/ tinutuh ing laki/ prapteng wismanipun//

/48/ Warna-warna polahireng jalmi/ gantya winiraos/ tuwan resdhen lan para tuwane/ samya wangsul lenggah ing pandhapi/ sarat denlekasi/ pipisan winadung//

/49/ Neng salering paringgitan ngarsi/ la ila linakon/ denya dhaup misanan leresc/ sawusira para tuwan sami/ kang mungging pandhapi/ pinaringen ngunjuk//

/50/ Kurmat ponggih delem ari bupati/ wusnys ngunjuk gapoh/ projurit jewi nglebet somyadrel/ ą keping tige sinsuren dening/ mariyem ing jewi/ sweranys gumludhug//

/51/ Kedys belsh keng bentalg gonjing/ kapilengkong tumon/ sinalshen mriyem plsyengene/ keping pitulikur manongkeri/ Kysi Suh Brostheni/ segare wensku//

/52/ Wusnys malih ing wuri mungkosi/ lir gelop soars wor/ auwuking mriyem yets song rojeng/ lon keng gerwe manjing kamer nuli/ karse luker selin/ pangagemenipun//

/53/ Pro biyeds sami angladeni/ mring sang pangenten ro/ agagem kenigeran ari pamose/ serwe sotya murub anelahi/ mring song guati putri/ wus busens luhur//

/54/ Care pengenten serwe retne di/ gumebyer menoorong/ lenggsh modyang jorembeh ngersone/ lan pro ratu wiwah pars putri/ song retne lir sesil purname umencur//

/55/ Pars putri ingkong munggeng ngersi/ lir kartike abyor/ surem somys kasor ujwslsne/ yets wuwusen sri nerepati/ miyos mring pandhopi/ neng dhemper mas murub//

/56/ Horeg sagung keng munggeng pandhapi/ pro som-ye mebukoh/ pan sadays ton liyan song rojeng/ keng dinulu ing wed-ye gung alit/ uyeg rebut ngersi/ dshat denyorse wruh//

/57/ Yets sareng pukul asthe wonei/ sagung pars mipro/ ageng alit somys menjing kabeh/ leju mareng jroning delem puri/ esung tobe somi/ lon sang musthikeng rum//

/58/ Sewusire lojeng mring pandhapi/ pars mipro jipro/ aneng kursi state lenggehe/ wedeng minumen lejeng alsrih/ wus watare nuli/ kelangenen prebu//

/59/ Abdi badheys mijil sing puri/ song 9-yu kineot/ lir pangenten kember parabote/ nulya gangas assedhon umuni/ wus prepteng pendhapi/ tots silanipun//

/60/ Wiwit bekso neng ngereening aji/ arares siti non/ pars tamu eram pandulune/ madyeng bekse musthi postul muni/ arempeg kopyarai/ wus enters suwuk//.

/61/ Nulys ginentysn Longensarimpi/ catur ayu koot/ nedheng somys kember pprobote/ bekso munggeng ngersanireng aji/ aluwes torempil/ sareng musthi peatul//

/62/ Sru jumebret arempeg kopyarsi/ ksgyet ingkang nonton/ mung sebabsk nulys suwuk leren/ kendeling sarimpi ngunjuk semi/ sesenengireki/ tan cuwa ing kayun//

/63/ Fare tomu sukeng tyes anuli/ sagung pera mipro/ somys dhongsah lan pera tuwane/ reme gendhingnys solin sumelin/ yen cope gya brenti/ lineri yen nginum//

/64/ Sukeng driya keng somys ningeli/ solehing pro mipro/ spepantban lir toyek legune/ uge lir rante kanthenonteki/ wudherire selin/ jejodhog rinangkul//

/65/ Lembungirs miprone ngraketi/ agulet pepunton/ isthanire lir ngliring sutane/ obah jangge gung amenjer liring/ miprone ngetemi/ keketing pangrengkul//

/66/ Denys dhangoah mubeng asesirig/ saweneh liru gon/ golong-goling mipronys ngeleter/ peputeren lir bras deninteri/ one selin kenthi/ ing sesenengipun//

/67/ Pars sinyo lan jipro kang dedi/ sukanireng betos/ deny& dhangoah aroket skenthen/ ingkang somys kepedhoning kapti/ sander cope asking/ dhangen driyanipun//

/68/ Nutug gendhingnys solin-sumalin/ sukeng tyas keng nonton/ jolu estri ton one bosene/ sereng pukul kalihwelas wonei/ ingkang dhongsah brenti/ mangun arinateku//

2.19 Pupuh XIX SIDOM

/1/ Fare mipro myeng pro tuwan/ wus kendel pre somys linggih/ yets kangjeng ari norendre/ ngencerani mring pre tami/ risidhen sekretaria/ myeng pre tuwan-tuwan asgung/ Psngran Mangkunagars/ sadays sandike nuli//

/2/ Risidhen gupuh anyandhak/ angenthi sri nerapati/ kumeadhan ing keringirs/ nulys hurmat gongas muni/ celopits songgsni/ pelog selendro tonjidhur/ aris lempohire song/ wus prepte pandhaps wilis/ pare temu tumuntur ing wurinirs//

/3/ Sri narendra wus alenggah/ neng kursi rinenggeng adi/ ing madys jajar kalawan/ risidhen myang sekretaris/ para mepro nyelingi/ lawan para tuwan sagung/ Pongran Mangkunagera/ neng ngarsa ragi kapering/ Rodyan Ayu Mangkunagara kelawan//

/4/ Kangjeng Ratu Timur miwah/ Dyan Ayu Sumabrateki/ munggeng kanan kering nata/ anunggil pro mepro sami/ kaptin mayor myang ubsir/ kumpul ambajeng mangidul/ kedang Mangkunagaran/ anunggil mredika wresil/ sang anindya mentri myang para wadsana//

/5/ Jeng Pangran Purbanagera/ lan pra mayor kaptin upsir/ ngumpul sagolongenira/ pangran santana nambungi/ ngarsa ragi kapering/ putra nata mungging ngayun/ seling lan para nyonyah/ ambanjeng yen winetawis/ gangsalatus kakung putri ingkang dhahar//

/6/ Semuwa isining meja/ myang kehe kang mengladeni/ keng mungging wurining nata/ Urdenas Jawi Walandi/ tuwin santana panji/ lurah ranan gindesipun/ urdenas kedipatyan/ anjageni para tami/ abdi bekel wajidan babahunira//

/7/ Ingkong ngladeni sadays/ semi samir kenting kun@ madys tinengeren pits/ sbong ijo mirsh putih/ tontonen mring psndhopi/ yen ton nowi pite iku/ dregunder ingkang jogs/ sor terstog kenon kering/ mantri gedhong keng jaga piring unduran//

/8/ Tutug kang samya adhahar/ ton ana cuwa ing kapti/ sawusnya antara nulya/ tuwan risidhen undhesi/ sadaya gelas isi/ nembungken wilujengipun/ panggih dalem sang nata/ wusnya sarenghuse semi/ langkung rame gumuruh ambal-ambalan//

/9/ Sereng ing pangunjukira/ gya hurmat tenjidhur muni/ nenging tenjidhur ginantyan/ gangsa kalenengan ririh/ kang pista anyenyamik/ dhaharan sasenengipun/ wench ngunjuk kalawan/ pra sobat Jewi Walandi/ wench gantya atur dhaharan kang eca //

/10/ Arame sami paguywan/ antara kundhisi malih/ gelas wus samya ngisenan/ risidhen nemburken aglis/ ngucap bangsa Walandi/ artinya wilujengipun/ ya kangjeng sri deduka/ Bagendha Raja Welandi/ ing Nagari Nederlan sagarwa putra//

/11/ Tamat sareng huse ramya/ hurmat tanjidhur amuni/ arane ambal-ambalan/ pelog salendro nenggani/ kendel antara nuli/ risidhen ninthing glasipun/ sadaya gya ngisenen/ tan weneh samyanggur abrit/ gya kundhisi residhen nembungken nulya//

/12/ Wilujengire jeng tuwan/ gupernur genira nenggih/ ingkang wicaksana lawan/ para lit India nagri/ Nederlan huse nuli/ arame sareng gumuruh/ gangsa tanjidhur munya/ sawusnya kundhisi malih/ tuwan resdhen nembungken wilujengira//

/13/ Sinuhun Kangjeng Susunan/ ing Surakarta nagari/ Paku Buwana ping sanga/ kamandhur ing Ordhe nagri/ Nederlan sleyo nenggih/ saha jindral mayoripun/ prajurit Kangjeng raja/ saha wilujengireki/ garwa dalem sawusira huse ramya//

/14/ Gumuruh ambal-ambalan/ hurmat tanjidhur umuni/ langkung rame swaranira/ para tamu sukeng galih/ kendel ngunjuk linarih/ rokok wangi myang sarutu/ ingideran sadaya/ warata kang para tami/ ting kalempor kang samya ses rokok dawa//

/15/ Antara nulya sang nata/ sasmita arsa kundhisi/ sadaya ngisenan gelas/ sang prabu nembungken aglis/ pan wilujengireki/ Residhen Surakarteku/ wus tamat huse samya/ gangsa tanjidhur senggani/ sawusira residhen kundhisi agya//

/16/ Gelas wus isi sadaya/ residhen nembungken aglis/ punika wilujengira/ sagung para prameswari/ huse tanjidhur muni/ tan winarna runcenipun/ pangunjuknya ping sapta/ wilujenge tanah Jawi/ huse ramya gya jumeneng bibar dhahar//

/17/ Gangsa tanjidhur tinembang/ pelog salendro senggani/ arungan datan parungyan/ Calapita amelingi/ sang nata tedhak maring/ pandhapi ler lan pra tamu/ layar tinutup agya/ lorodan samya rinacik/ tan winarna yata wau sri narendra//

/10/ Arame sami paguywan/ antara kundhisi malih/ gelas wus samya ngisenan/ risidhen nemburken aglis/ ngucap bangsa Walandi/ artinya wilujengipun/ ya kangjeng sri deduka/ Bagendha Raja Welandi/ ing Nagari Nederlan sagarwa putra//

/11/ Tamat sareng huse ramya/ hurmat tanjidhur amuni/ arane ambal-ambalan/ pelog salendro nenggani/ kendel antara nuli/ risidhen ninthing glasipun/ sadaya gya ngisenen/ tan weneh samyanggur abrit/ gya kundhisi residhen nembungken nulya//

/12/ Wilujengire jeng tuwan/ gupernur genira nenggih/ ingkang wicaksana lawan/ para lit India nagri/ Nederlan huse nuli/ arame sareng gumuruh/ gangsa tanjidhur munya/ sawusnya kundhisi malih/ tuwan resdhen nembungken wilujengira//

/13/ Sinuhun Kangjeng Susunan/ ing Surakarta nagari/ Paku Buwana ping sanga/ kamandhur ing Ordhe nagri/ Nederlan sleyo nenggih/ saha jindral mayoripun/ prajurit Kangjeng raja/ saha wilujengireki/ garwa dalem sawusira huse ramya//

/14/ Gumuruh ambal-ambalan/ hurmat tanjidhur umuni/ langkung rame swaranira/ para tamu sukeng galih/ kendel ngunjuk linarih/ rokok wangi myang sarutu/ ingideran sadaya/ warata kang para tami/ ting kalempor kang samya ses rokok dawa//

/15/ Antara nulya sang nata/ sasmita arsa kundhisi/ sadaya ngisenan gelas/ sang prabu nembungken aglis/ pan wilujengireki/ Residhen Surakarteku/ wus tamat huse samya/ gangsa tanjidhur senggani/ sawusira residhen kundhisi agya//

/16/ Gelas wus isi sadaya/ residhen nembungken aglis/ punika wilujengira/ sagung para prameswari/ huse tanjidhur muni/ tan winarna runcenipun/ pangunjuknya ping sapta/ wilujenge tanah Jawi/ huse ramya gya jumeneng bibar dhahar//

/17/ Gangsa tanjidhur tinembang/ pelog salendro senggani/ arungan datan parungyan/ Calapita amelingi/ sang nata tedhak maring/ pandhapi ler lan pra tamu/ layar tinutup agya/ lorodan samya rinacik/ tan winarna yata wau sri narendra//

/18/ Lan residhen kanthen asta/ pra mipro lan tuwan sami/ jejodhon aja kajaga/ bayak ngubengi pandhapi/ wusnya antara sri/ sri narendra lenggah sampun/ munggeng dhampar rinengga/ risidhen kananireki/ aneng kursi lan sekreteris kumendhan//

/19/ Para mipro myang pra tuwan/ samya lekas dhangsah malih/ anutug sukaning driya/ keh wuru kang para tami/ pra gusti myang Walandi/ wus kathah pangunjukipun/ sengkut kang samya dhangsah/ yen aso angunjuk sami/ myang pra mipro linarihan warna-warna//

/20/ Inuman sasenengira/ ing ngarsa caket pandhapi/ minuman tinateng meja/ cinawisaken pra tami/ urdenas kang jageni/ pra tuwan kang arsa nginum/ sami prapta ajakan/ lan para sobatireki/ wusnya minum arame sami asurak//

/21/ Tanjidhur munya sauran/ gumuruh swaranira sri/ arungan datan parungyan/ tuwin ingkang ambikaki/ botol sapanya guci/ lir mrecon pating jareblug/ lumintu datan kandhat/ kunyak madherah branduwin/ lir tinawu wedale sagung inuman//

/22/ Botol goci lir nerasah/ dalah wadya agung alit/ prajurit Jawa Walanda/ samya mendem sukeng malih/ tan krasa sayah arip/ kadugen punaginipun/ gustinya mangun krama/ wadya geng alit jalwestri/ apan samya nutug suka parisuka//

/23/ Miwah kang samya tumingal/ angepon tan ana arip/ kacaryan myst gustinira/ samya ras-arasen mulih/ ing jero tuwin jawi/ geng alit estri myang jalu/ bentet angebeki papan/ sagon-gon kebekan jalmi/ pan sadaya kasmaran rengganing pura//

2.20 Pupuh XX Asmaradana

/1/ Kuneng solahe pra tami/ ing wanci wus pukul tiga/ residhen pamitan muleh/ tuwin sagung para tuwan/ lan para nyonyah-nyonyah/ tumutur pamitan mantuk/ kalilan nulya bibaran//

/2/ Sri narendra kondur aglis/ mring dalem Prabasuyasa/ ginarbeg para cethine/ laju tedhak maring kamar/ akalihan kang garwa/ reroncene tan winuwus/ ing sabibarira panggya//

/3/ Pra santana siyang ratri/ kakung putri datan kendhat/ samya caos bekti jagong/ pra pangeren ing pandhapa/ tan owah anglir saban/ tuwin pakurmatanipun/ wireng sarimpi badhaya//

/4/ Miwah gamelan sekati/ siyang dalu datan kendhat/ munya neng Srimangantine/ lamun pukul kalihwelas/ samya pinaring dhahar/ pista neng pandhapi kidul/ pukul satunggal bibaran//

/5/ Yen dalu lebetireki/ bakda Ngisa dhaharira/ ugi pukul kalih wlase/ jam satunggal bubarira/ siyang dalu mangkana/ tan suda rerengganipun/ nuju ing sawiji dina//

/6/ Rejeb ping salikur hari/ ing Tumpak Manis semana/ sepeken dalem sang katong/ sang prabu lenggah pandhapa/ sineba wadyabala/ geng alit pepeg supenuh/ ing jaba myang jroning pura//

/7/ Pukul sawelas ing wanci/ hajad dalem jatingarang/ mijil saking jro purane/ medal kori Srimangantya/ Kaliwon Gedhong ingkang/ angirid ing lampahipun/ lajeng marang Pagelaran//

/8/ Tinampan Raden Dipati/ lajeng kinon donganana/ mring Kyai Mas Pangulune/ sandika lajeng andonga/ amin ambato rebah/ wus tamat pandonganipun/ lajeng binage warata//

/9/ Di dalem prajurit jawi/ kang baris gya ingabanan/ wong kawanatus sareng drel/ gumuntur rambeh ping tiga/ tinundha mariyemnya/ playangan ping pitulikur/ gumludhug lir gelap sasra//

/10/ Horeg kang bantala gunjing/ kapilengen kang miyarsa/ pukul satunggal bibare/ suwuk sagung pakurmatan/ gangsa Sekati miwah/ Kodhok Ngorek sareng suwuk/ kang seba samya bibaran//

/11/ Sore satengah sapteki/ sri narendra saha garwa/ ingaturan tuwan resdhen/ mring dalem Parisedhenan/ lawan putra santana/ tuwin para ratu ibu/ wadya geng alit sadaya//

/12/ Busana pameren sami/ tuwin sagung pakurmatan/ taun baru sesamine/ pukul nem tedhakira sang/ miyos ing Kamandhungan/ ginarbeg sagung para rum/ sang nata kanthen lan garwa//

/13/ Residhen kananireki/ myang para ratu sadaya/ gumredege salampahe/ prapteng kori wijil pisan/ titihan dalem rata/ pun grudha kencana murub/ sampun sumaos ing ngarsa//

/14/ Sang nata lajeng enitih/ rata kalawan kang garwa/ katrlan tuwan residhen/ Kangjeng Ratu Ageng lawan/ Jeng Ratu Maduretna/ anunggil neng ngebak ngayun/ Den Ajeng Ratu kadhatyan//

/15/ Nitih rata lan kang rayi/ Jeng Ratu Bendara lawan/ Jeng Ratu Timur katrine/ myang Dyan Ayu Gunabrata/ catur nunggil sarata/ para putri wurinipun/ garwaning para pangeran//

/16/ Pra samya munggeng rata di/ Jeng Pangeran Pringgalaya/ lan ari Pangran Panjine/ myang para pangran santana/ wus samya nitih rata/ pra cethi parekanipun/ ingkang ngampil upacara//

/17/ Pan kinen budhal rumiyin/ gumredeg dadya nem rata/ kinembang kembar prabote/ bidhal panganjuring lampah/ pepanthan ari kawuryan/ titihan dalem sang prabu/ ginarbeg para santana//

/18/ Rata kuda ngarsa wuri/ ingkang sesiyung ing marga/ prajurit Jawa Wlandane/ awit kori Kamandhungan/ prapta ing Residhenan/ yata wau ratanipun/ prapta kilen loji Besar//

/19/ Kinurmat mariyem muni/ gumludhug ambal-ambalon/ samya kapileng kang tumon/ ing marga datan winarna/ yata sri naranata/ ing Residhenan wus rawuh/ kandheg ing taratag ngarsa//

/20/ Residhen methukan aglis/ lawan sagung para tuwan/ Pangran Mangkunagarane/ tumurune saking rata/ residhen gya anyandhak/ anganthi astaning prabu/ wus tumedhak lan kang garwa//

/21/ Pra santana ageng alit/ umiring wurining nata/ tuwin wadya punggawane/ yata wau sri narendra/ kalawan ingkang garwa/ pan lajeng lenggah ing ngekrun/ residhenneng keringira//

/22/ Sagung pare ibu sori/ myang prabu pangeren rama/ samyaneng kursi ngarsane/ sinambungan para tuwan/ geng alit samipronya/ samya grutnen sri dinulu/ dene pra putra santana//

/23/ Neng ngarsa ragi kepering/ alenggah ing bubut retna/ tur dinan lurah wurine/ dene residhen trimuka/ lan sagung pra wadana/ prasamya seba ing ngayun/ antara denira lenggah//

/24/ Nulya sugata mangarsi/ wedang tanapi minuman/ wus kaping tri pangunjuke/ nulya klangenan badhaya/ beksaning ngarsa nata/ sanga kinembar yu-ayu/ nenging bedhaya ginantyan//

/25/ Klangenan dalem sarimpi/ catur kinembar busana/ luwes tarampil beksane/ wus tutug pambeksanira/ mundur saking ngayunan/ yata kangjeng sang aprabu/ tedhak saking palenggahan//

/26/ Lan kang garwa kanthen astaneki/ residhen ing kananira/ tedhak mring gadri ngarsane/ kakung putri pra santana/ tumunturing narendra/ gumeredeg lampahipun/ sang nata lan ingkang garwa//

/27/ Jumeneng sarwi ningali/ main api pasulednya/ aneng plataran lojine/ aneh urubing dahana/ mubyar mawarna-warna/ ireng bang kuning myang pingul/ biru dadu kapuranta//

/28/ Lir layung layangan tasik/ karya eram kang tumingal/ barung long mercon unine/ sreng tong-tongan myang tahoyah/ lir mriyem swaranira/ kagyat kapileng kang ngrungu/ sang nata eraming driya//

/29/ Mring warna-warnaning agni/ tuwin sagung pra biyada/ sadaya kacaryan tumon/ tuwin kang samya tumingal/ bentet datanpa wilang/ ember balabar mring lurung/ jalu estri Cina Landa//

/30/ Carub wor pipit-pinipit/ pepet tan kena piniyak/ uyek arame swarane/ ing solah datan winarna/ yata mareconira/ antara saejam suwuk/ sri narendra lajeng lenggah//

/31/ Neng resban rinengga adi/ akaliyan ingkang garwa/ neng kidul majeng mangaler/ para ibu kering kanan/ samya resban pribadya/ tanjidhur tinembang sampun/ para tuwan samya dhangsah//

/32/ Kalawan mipronireki/ arame nutugken karsa/ datan winarna solahe/ bibar dhangsah lajeng dhahar/ pindha aneng pungkuran/ lan sadaya para tamu/ dhahar triatus wataral1

/33/ Reroncen datan winarni/ wus tutug denire dhahar/ bibar para tuwan age/ lekas malih samya dhangsah/ kalawan mipronira/ pukul tiga song aprabu/ kondur lan sagarwa putra//

/34/ Tan owah rengganing margi/ lan nalika tedhakira/ inggal wus prapteng kadhaton/ reroncene tan winarna/ wadya putra santana/ wus samya sowang-sowangan mantuk/ gumantya peksi sarkara//

2.21Pupuh XXI Dhandhanggula

/1/ Nahan dalu kawuwusa injing/ nuju ari Soma ping dwidasa/ tiga anunggil wulane/ semana sang aprabu/ miyos lenggah aneng pendhapi/ mangagem kenigaren/ sang asotya murub/ ingayap para biyada/ wadyabala geng alit pepak kang sami/ seba ing palataran//

/2/ Pan sadaya samya busana di/ pukul sadasa residhen lawan/ sawatara pra tuwane/ milya sowan sang prabu/ Pangran Mangkunagara tuwin/ kadang putra wandawa/ umiring malebu/ lajeng minggah ing pandhapa/ kyana patih lan para wadana tuwin/ kaliwon mayorira//

/3/ Milya sowen mring ngarsa narpati/ sang anindya mantrine taratag/ ngarsa dalem sri pamase/ kaliwon mayoripun/ munggeng wuri rada kapering/ para putra santana/ kanan kering prabu/ pra sepuh neng kursi samya/ sawusira antara sri narapati/ nimbali kyana patya//

/4/ Prapteng ngarsa srinata nglingnyaris/ bapa patih sira dhawuhena/ maring kancanira kabeh/ kalamun garwaningsun/ Radyan Ayu Kustiyah mangkin/ ingsun kula wisuda/ anama Sri Prabu/ Paku Buwana samangkya/ waratakne sabawahira geng alit/ kya patih tur sandika//

/5/ Nulya mundur saking ngarseng aji/ lajeng mijil marang Pagelaran/ maratakaken dhawuhe/ mring wadya alit sagung/ tuwan resdhen samya ngestreni/ myang pra tamu sadaya/ gya nyai tumenggung/ ingutus atur uninga/ mring kang ibu Kangjeng Ratu Ageng tuwin/ para ibu sadaya//

/6/ Lamun ing mangkya kang garwa nenggih/ karsa kinula wisudha nama/ Ratu Paku Buwanane/ mengkoni jro kadhatun/ para ibu suka ing galih/ samya mangayubagya/ Kodhok Ngorek gupuh/ tinembang neng siti bentar/ nuli hajad dalem tumpeng sewu mijil/ gumredeg saking pura//

/7/ Lajeng maring Pagelaran sami/ wus tinampan mring radyan dipatya/ gya kinon dongani age/ mring Kyai Mas Pangulu/ wusnya nulya binage wradin/ ing solah tan winarna/ yata sang aprabu/ anulya ngunjuk kalawan/ tuwan resdhen tuwin para tuwan sami/ wus samya linerihan//

/8/ Nulya hurmat tanjidhur umuni/ tuwin di dalem prajurit jaba/ kang baris ngalun-alune/ inpantri kawanatus/ drel sanjata sareng umuni/ sru rembah kaping tiga/ mariyem sumundhul/ munya ping dwidasa sapta/ gumaludbug lir gelap sasra senggani/ kapilengen kang myarsa//

/9/ Suwuking bedhil mariyem muni/ dhahar dalem wedang myang minuman/ sinaosken mring ngarsane/ sadaya wusangunjuk/ para panji kang mangladeni/ warata sadayanya/ nulya sang aprabu/ tedhak mring dalem kalawan/ tuwan resdhen asisten kumendhan sami/ asung tabe kalawan//

/10/ Garwa dalem risang prameswari/ sewusira wangsul mring pandhapa/ samya atata lenggahe/ myarsakken pradangga rum/ pelog slendro munya aririh/ sesendhen ginendhengan/ wilet swaranya rum/ pra tamu suka miyarsa/ sareng pukul satengah kelihwlas wanci/ tuwan resdhen pamiten//

/11/ Mring sang nata myang pra tamu sami/ wus kalilan anulya bubaran/ sri narendra kondur age/ mring jroning dalem agung/ ginarebeg parekan cethi/ wadya putra santana/ samya bubar mundur/ ing solah datan winarna/ duk semana pra sentana siyang ratri/ maksih sami tuguran//

/12/ Mring jro pura kakung miwah putri/ anujoni ing sawiji dina/ sri narendra sagarwane/ ingundhuh mring kang ibu/ Kangjeng Ratu Maduretneki/ ya maring Maduretnan/ binawahan agung/

sadinten sadalu apan/ jagongane kakung putri angebeki/ Pangran Mangkunagara//

/13/ Sakadenge ingkang sepuh sami/ pan ingirid dening Jeng Pangeran/ Pringgalaya lan arine/ Pangran Priyembadeka/ Pangran Santakusuma tuwin/ Pangran Suryakusuma/ Jeng Pangran Tumenggung/ Jeng Pangran Ngabehi lawan/ Pangran Arya Menteram angapalani/ sagung kang nambut karya//

/14/ Kasinoman ingkang mangladeni/ para putra myang sentana mudha/ palawija bebahune/ rarenggan sri dinulu/ wireng srimpi badhaya tuwin/ gantya-gantya ambeksa/ aneng ngarsa prabu/ dene kang sowan neng jaba/ pra sentana pangeran manggihi tami/ kadang Mangkunagaran//

/15/ Neng pandhapa kang mangka pangarsi/ sira Jeng Pangran Suryaatmaja/ kalawan para arine/ antara lenggahipun/ sareng pukul kelihwlas wanci/ samya pinaring dhahar/ neng pandhapi kidul/ dhepok ambanjeng lajuran/ abdi dalem urdhenas kang mangladeni/ lan sererehanira//

/16/ Nutug kaecan kang dhahar sami/ pukul satunggal bibaranira/ wangsul mring pandhapi gedhe/ lenggahan sarwi nginum/ pelog slendro munya aririh/ samya neng bangsal ngarsa/ ginendhengan arum/ runggeng ro wilet araras/ swaranira bening lir suling wrat sari/ kacaryan kang miyarsa//

/17/ Tan winarna reroncene kardi/ sareng wanci ing satengah sapta/ Pangran Mangkunagarane/ mijil saking kadhatun/ lan pra tamu bubaran sami/ kang lenggah ing pandhapa/ sadaya tumuntur/ kondur asowang-sowangan/ pasugatan wus ingunduraken sami/ dening abdi jro pura//

/18/ Duk semana kangjeng sri bupati/ siyang dalu gung amangun suka/ karongron lawan garmane/ dene kasowan tugur/ kakung putri ing siyang ratri/ tan kendhat neng jro pura/ keh ngrungkep lan kondur/ lam-lamen mring sang pangantyan/ pantesira lir Kamajaya lan Ratih/ mimbuhi srining pura//

2.22 Pupuh XXII Gambuh

/1/ Nahan malih winuwus/ wulan Ruwah kaping rolasipun/ ari Some Manis puniku marengi/ selapan dalem sang prabu/ arsa kasukan angrampog//

/2/ Sima neng alun-alun/ injang pukul sadasa sang prabu/ miyos saking pura ginarbeg pra cethi/ wadya putra wandawa gung/ gumredeg busana abyor//

/3/ Risdhen nganthi sang prabu/ para tuwan kanan keringipun/ Pangran Mangkunagara sakadang neki/ tambur tanjedhur gumuruh/ bayak lampahnya sri tinon//

/4/ Garwa dalem sang prabu/ lawan sagung para ratu-ratu/ miyos aningali neng luhur satinggil/ ginarbeg sagung para rum/ geng alit ngebeki enggon//

/5/ Cethi pawonganipun/ gumaredeg umiring sadarum/ wus atata lenggahira prameswari/ lawan para ratu ibu/ yata wau sang akatong//

/6/ Lenggah ing bangsal mungguh/ aneng ing dhampar rinengga murub/ tuwan resdhen asisten samya neng kursi/ ampilan pepak ing pungkur/ wadya supenuh sri tinon//

/7/ Kya patih wus neng ngayun/ pra santana kanan kering prabu/ para tuwan ing ngarsa sami neng kursi/ Pangran Mangkunagareku/ sakadange wus alunggoh//

/8/ Aneng taratag ngayun/ nunggil para tuwan-tuwan sagung/ gya sugata minuman cumaos ngarsi/ sadaya wus sami nginum/ yata wau sang akatong//

/9/ Ngandikeng patihipun/ bapa patih kebomu apa wus/ amiranti lan apa wis tau ugi/ kalawan singa ingadu/ kya patih nembah turnyalon//

/10/ Dhuh inggih sang aprabu/ sampun miranti sadayanipun/ myang kagungan dalem maesa anenggih/ pan dereng nate ingadu/ anulya kangjeng sang katong//

/11/ Mring resdhen ngandika rum/ payo bapa risidhen andulu/ sigra tedhak mring dhampar kencana adi/ kekanthen asta sang prabu/ lan residhen lampahnya lan//

/12/ Para tuwan tumutur/ tuwin wadya santana sadarum/ kyana patih gya parentah maring mantri/ kalang gandhek kinen maju/ horeg sadaya ponang wong//

/13/ Yata wau sang prabu/ prapteng gyaning pangabenanipun/ lan risidhen apan samya densongsongi/ salering teratag ngayun/ unggyaning krangkeng pangadon//

/14/ Punang maesa sampun/ aneng sajroning karangkengipun/ simanire maksih neng garobog jawi/ mantri kalang sadaya wus/ menek mring dhuwur pangadon//

/15/ Beta pirantinipun/ nulya gandhek dhinawuhan gupuh/ sima kinen manjingken karangkeng nuli/ gandhek sandika agupuh/ samya ngajokken garobog//

/16/ Pinapanaken sampun/ lawan kori gya binuka gupuh/ tutupira progalba anggro umijil/ malebeng jro krangkeng sampun/ lawang krangkeng gya binunton//

/17/ Pragalba menek gupuh/ maring dhuwur ponang singa sampun/ tempuk lawan maesa sareng ningali/ singa anggero sru nubruk/ punuking kebo ingemplog//

/18/ Kebo nyebit anggambul/ pragalba singsal gya anapuk/ sarwi nyakar arame gantya anitih/ gangsa tinembang angungkung/ gandhek kalang genti alok//

/19/ Pragalba geng aluhur/ magalak agung saut anapuk/ tandangira luwes arikat terampil/ nyakot anggero anubruk/ maesa ragi kesosor//

/20/ Kandhek kang munggeng dhuwur/ surak-surak langkung sukanipun/ keh polahe mathentheng amalang kerik/ keplok sesumber kumrucuk/ saiki kebo macethot//

/21/ Payo malesa gupuh/ aja pijer joto lengur-lengur/ sun anteni entekna budimuneki/ arep ngayoni si bendhung/ pedhot gulumu kelakon//

/22/ Macanku wus ngong timbul/ supaya tan pasah dening sungu/ tahu tate anadhahi tumbak bedhil/ sungumu iku wus kethul/ dhuh kebo mundura gupoh//

/23/ Yen selak ihnel mampus/ manga kelara lah sira kulup/ nembadani karosane macan mami/ temene si bendhung iku/ gadhungan saka Nglodhoyong//

/24/ Dudu macan satuhu/ iku manusa pethut gegedhug/ pethut kampak tau mamah cekel biring/ apan ta sira puniku/ pan iya gudel sayektos//

/25/ Kebo dhasarmu busuk/ bodho tandangmu akedhung/ iya amung jaga belehan sireki/ dene punukmu sagenuk/ wangune empuk amopol//

/26/ Nora pantes ingadu/ lawan sima tiwas ajur mumur/ kejabane sira ingedu lan kirik/ kirik wadon ingkang kuru/ layak unggul sira kebo//

/27/ Nuli tobata gupuh/ aywa peksa ngayoni macanku/ tur ta iku sira durung dentemeni/ yen wangkot mengko tinapuk/ pecah endhasmu kelakon//

/28/ Kang myarsa sru gumuyu/ wruh sumbare gandhek kumaruwuk/ mantri kalang kucem tan bisa nauri/ wasana ririh amuwus/ bok nuli malesa kebo//

/29/ Kongsi lara awakmu/ ajur amoh cinaker tinapuk/ mantri kalang mendhet banyu lombok jemprit/ maesa nulya ginrujug/ mukanya ing banyu lombok//

/30/ Kebo kagyat ambekus/ krasa pedhes ing maripatipun/ amantheleng jepiping kupingireki/ bagas metu krodhanipun/ mantri kalang ngadek alok//

/31/ Lah ta payo agupuh/ sudhangen wetenge dimen butul/ nglara ati sasuwene denngis-engis/ maesa sigra anggambul/ igane sima pinekok//

/32/ Rame kalih atarung/ lir ungaran kebo tandangipun/ punang sama ingundha-undha tininggil/ rempu badane ngalumpruk/ tan bisa males handhoko//

/33/ Mantri gandhek agugup/ gya ngebyuki geni saking dhuwur/ punang sima pinrih krodhanire malih/ nanging badane wus rempu/ greng-gereng tan bisa nyakot//

/34/ Kalang suka gumuyu/ samya genti sesumbar kumruwuk/ lah malesa macan gembong padha becik/ payo entekna budimu/ pagene teka handhoko//

/35/ Mangsa kelara kulup/ sira arsa ngayoni keboku/ macan kere gawemu andhekep pitik/ pantes denwadhahi bumbung/ siyungmu iku wis melot//

/36/ Arep mungsuh keboku/ kebo gegamben geng inggil bagus/ wruhanamu yaiku titisireki/ Sang Jathasure ing dangu/ ing Kiskendha kang kinaot//

/37/ Iki penjalmanipun/ ya marmane wudhu ing prang pupuh/ lah mundura sira yen kebacut mati/ nadyan macana sireku/ tan medeni lare angon//

/38/ Wis ketara sireku/ nadyan gadhungan manungsanipun/ iya pethut ning pethut patiken weri/ mung buruh ngothok gunanmu/ mangsa wania menthung wong//

/39/ Nuli tobata gupuh/ eman manawa remuk sirahmu/ mupung durung metu krodhane sayekti/ keboku iki wus riwut/ adate yen wis mengkono//

/40/ Nora kena minungsuh/ nadyan anaa macan sepuluh/ tan na gawer kalamun kaya sireki/ mantri kalang sukeng kalbu/ keplok sarwi alok-alok//

/41/ Kathah sesumbaripun/ ya pagene gembong peksa ambruk/ durung kongsi sak banyon arep ingucir/ payo entekna budimu/ sun enteni sira gembong//

/42/ Aywa gung manggut-manggut/ lamun nyata gadhungan sireku/ enggal nuli maliho manungsa maning/ ing mengko sun suguh candu/ yen sira arsa angothok//

/43/ Pan ingsun duwe apyun/ mene ketagihan sira kulup/ mengko lamun wus bagas majua maning/ yen durung lega atimu/ yen sira anggugu mring ngong//

/44/ Mundura bae kulup/ mangsa wurung aremuk badanmu/ mantri gandhek tan ana bisa nauri/ sinurakan sri gumuruh/ pragalba nulya ingobong//

/45/ Agni saking ing dhuwur/ pinrih krodhanya meksa anjerum/ wulu kongsi telas kasalad ing agni/ denwewani meksa ngundhul/ mantri kelang surak alok//

/46/ Nudingi sri amuwus/ pageneya gus gembong lumayu/ eman temen dawana siyungireki/ sukeng driya sang aprabu/ tumingal tarunging kebo//

/47/ Resdhen myang tuwan agung/ samya suka denira andulu/ ing tarunge maesa lan singa nenggih/ wus kinen medal kegupuh/ pragalba kang sampun kawon//

/48/ Lajeng binekta mundur/ pinarnahken aneng alun-alun/ ponang kebo maksih mempeng krodhaneki/ neng jro krangkeng bekas-bekus/ gandhek dhinawuhan gupoh//

/49/ Kinon malih amundhut/ sima apan kinanya anutuh/ tur sandika datan dangu nulya prapti/ lajeng pinanjingken gupuh/ marang sajroning pangadon//

/50/ Prapteng jro lajeng tarung/ singa lawan maesa sru peluk/ kebo panggah anggudeg anggung ngakahi/ singa ingundha mandhuwur/ tinadhahan sungu karo//

/51/ Kacep iganya butul/ benuwang tibeng siti gumebruk/ tangi arsa manaut asru binijig/ pinengkok lempeng ginambul/ rempu badane handhoko//

/52/ Kalang surok gumuruh/ wor swaraning gamelon angungkung/ mantri gandhek tan bisa males nyuraki/ gung katemper simanipun/ gandhek nulya mundhut obor//

/53/ Ingebyurken sing luhur/ pragalba tangi asru manaut/ kebo kena kupingnya dawir kang sisih/ rantas ludiranya mancur/ maesa krodha ambekos//

/54/ Punang sima ginambul/ kena pok kuping gya ambruk/ aneng siti ingiles tan bisa tangi/ keles kinakahan kukuh/ tan bisa polah ngalosod//

/55/ Kebo buteng wus riwut/ singa kalemper tan bisa naut/ sigra kinen amadalaken tumuli/ pinanjingken grobog sampun/ yuda kenakane kasor//

2.23 Pupuh XXIII Pangkur

/1/ Yata wau sri narendra/ kondur saking denira aningali/ lan residhen samya wangsul/ mring palenggahanira/ miwah para tuwan wus samya alungguh/ nulya Walandi urdenas/ nyaosken inuman aglis//

/2/ Wus sami ngunjuk sadaya/ sri narendra ngandika mring kya patih/ kinon baris ngalun-alun/ lan sagung pra wedena/ sang anindya mantri sandika turipun/ nembah mundur saking ngarsa/ pan lajeng anata baris//

/3/ sagunging para wadana/ samya kinon tata berisireki/ sandika sadaya gupuh/ amepak wadyanira/ sagung ingkang pratiwa wus mapan kepung/ samangkya karsaning nata/ baris amung rangkep kalih//

/4/ Datan kena singawonga/ yen tan mawi kuluk pan datan keni/ pinrih tipis barisipun/ dadya sukaning driya/ wadyabala ingkang sudirambek purun/ wong ningali pinrih tebah/ tan kena parek lan baris//

/5/ Mrih katingal gustinira/ para mantri tumbaknya becik-becik/ kyana patih barisipun/ madyeng waringin kembar/ para mantri panewu kang baris ngayun/ nom-anom samya sudira/ dhasar tumbakira becik//

/6/ Kyana patih denya lenggah/ aneng kursi mungging wurining baris/ jenggarang serwi pepayung/ lir sang Kudanewarsa/ tepung baris Galadhag sakilenipun/ nulya Prawiranagaran/ majeng ngetan denya baris//

/7/ Sembada bupatinira/ kalih samya sudira anom pekik/ sami mangku bawatipun/ ingapit mentrinira/ Tumenggung Pus onagara majeng mangidul/ ingayap panekarira/ anggabag samya winarni//

/8/ Tinon lir narpati Soda/ Dyan Tumenggung Prawiranagareki/ majeng ngetan berisipun/ ingapit panekarnya anom-anom respati lamun dinulu/ kadye risang Citrasome/ arempeg barisireki//

/9/ Dyan Tumenggung Mangkuyuda/ sawadyane ingkang nambungi baris/ sembada wedananipun/ lir Prabu Bima Endra/ nulya berisira gandhek kang sumambung/ anggenggeng tepung kalawan/ baris gedhong kang nambungi//

/10/ Bupatine mungging arsa/ Dyan Tumenggung Kartadipura ngapit/ para mantri myang panewu/ arempeg barisira/ dyan tumenggung amandhi landheyan waru/ tinon lir sang Bakadenta/ amengku bawatireki//

/11/ Barise nekuk mangetan/ tepung prapteng ngarsa dalem sang aji/ abdi kaparak sumambung/ pan samya bajo reta/ amberanang waos sami sulam pingul/ Dyan Menggung Purwadiningrat/ ingkang anindhihi baris//

/12/ Ingayap panekarira/ tinon kadya nateng Ngawangga pekik/ abdi pinilih ing pungkur/ asikep waos sulam/ Dyan Tumenggung Suryawinata sumambung/ respati amengku bawat/ mantri panewu ngampingi//

/13/ Anggenggeng pajeg berisnya/ tinon kadya nateng Kelinggapati/ majeng ngilen barisipun/ Dyan Menggung Arung binang/ kang nambungi ingayap pra mantrinipun/ andhangar lamun sinaweng/ lir Raden Layang Kumitir//

/14/ Dyan Tumenggung Suradirja/ kang nambungi ketel barisireki/ ingayap mentri panewu/ rangga pulisi jaksa/ tinon kadya Jalasengara geng luhur/ tepung lawan barisira/ sira sang anindya mantri//

/15/ Sawijining pabarisan/ wong ningali geng alit tanpa wilis/ met papan pating bilulung/ myang menek bata sirap/ weneh sami menek wit waringin luhur/ ariyep lir lawan nendra/ ana ingkang gawa dhingklik//

/16/ Weneh karya grang-egrangan/ pra priyayi neng rata myang turanggi/ ana karya gubug dhuwur/ keh warnane tumingal/ yata wau sri narendra tedhak gupuh/ lan residhen kanthan asta/ mring panggung taratag ngarsi//

/17/ Gumaredeg sinongsongan/ sagung para tuwan sami umiring/ tumingal mring panggung luhur/ tuwin para pangeran/ pra sentana umiring kangjeng sang prabu/ wus samya tata lenggahnya/ yata kangjeng sri bupati//

/18/ Sasmita mring gandhek ingkang/ munggeng ngarsa abdi kaliwon kalih/ sandika gya noleh pungkur/ angawe mantrinira/ kang ingawe sandika gya nembah mundur/ kekalih samya pendhapan/ horeg kang samya abaris//

/19/ Gandhek wus prapta gyanira/ alang-alang nulya sinuled aglis/ sawusnya gya minggah gupuh/ mring luhur garobognya/ ngunus wedhung gumebyer lir kilat barung/ kamar nulya tinatas/ ing wedhung wus tigas pancing//

/20/ Gya binuka tutupira/ garobognya gya ginedhog kaping tri/ tutup binuwang sumebrung/ gandhek tumurun agya/ nembah lajeng apendhapan unduripun/ gangsa tinembang amunya/ agni urube andadi//

/21/ Mulat-mulat kantar-kantar/ ponang sima krasa panasing agni/ trangginas nulya umetu/ sapraptanireng jaba/ mingak-minguk mulat ngalor ngulon ngidul/ greng-gereng aris lampahnya/ ngupaya baris kang tipis//

/22/ Kang baris horeg amapan/ kang ningali ing jaba samya miris/ watir lamun babal metu/ mulat genging pragalba/ ingkang kendel ajit denira dulu/ pra mantri ingkang sudira/ sukeng tyas acerik-cerik//

/23/ Saweneh angundang singa/ marenea yen sirsrsa ngicipi/ ya pucuke tumbak ingsun/ iku wasiatingwang/ dhasar mentas ngong warangi wingi esuk/ pilihen lan keris ingwang/ iki iya Majapahit//

/24/ Adat pakanane macan/ telu-telu iya ing saben sasi/ sasi iki dhasar durung/ sireku kebeneran/ arep atur dhaharan mring keris ingsun/ payo nuli marenea/ tandhinge genti nyumbari//

/25/ Dhuh kulup macan mrenea/ iya iki grumbul trajangen aglis/ aja liya ngarepingsun/ akeh wernaning sumber/ ana ingkang rada jrih asru muwus/ ih sira iku bok aja/ kakehan sumbar medeni//

/26/ Mengko yen nempuh temenan/ wong macane gedhene angluwihi/ lah mara sawangen iku/ cangkeme mangap-mangap/ kang liningan asru denira sumehur/ wis aja kakehan kandha/ wong dhasarmu sira jirih//

/27/ Ulatmu wong wis katara/ mau-mau bok aja melu baris/ iya apa kasilipun/ ngrampog nora tinepah/ tiwas kesel amikul landheyanipun/ angur meneka kang sirep/ utawa aneng waringin//

/28/ Wis tinggalen tumbakira/ karebena ginawa batur mami iku kang gawa upetku/ yen sira wedi macan/ pan ulatmu wus katara bias aclum/ lah ika macane mara/ tan wurung nempuh mariki//

/29/ Yata wau ponang singa/ lir graita gya gemprong amarani/ wong ingkang jirih lumayu/ nglangkahi sandhingira/ sru anjeleh tumbaknya binuwang sebrung/ angempet palayunira/ mangulon tan tolih-tolih//

/30/ Kongsi prapta Mangunjayan/ menggok ngaler embuh paranireki/ kang baris samya gumuyu/ yata wau sang singa/ mulat nganan ngering tan lajeng anempuh/ sinurakan gya mangetan/ anggero manempuh baris//

/31/ Tinadhahan ingakathah/ ponang singa meksa anunjang wani/ kang baris panggah akukuh/ pragglba sru sarose/ kang anumbak sudira samya beg purun/ akathah landheyan sempal/ tumbak bangkung miwah rimpil//

/32/ Ana kang panggah marjaya/ tumbakira pinanjer neng jijiling/ pinolahaken akukuh/ bakuh tan bisa obah/ dhasar tumbakira birawa akukuh/ landheyannya geng prakosa/ kang numbak kendel tan wigih//

/33/ Ponang sima lajeng pejah/ katutuhing akeh rinampog wani/ ajur amoh gumalundhung/ kang baris samya surak/ gangsa suwuk tata malih barisipun/ samya mapen prenahira/ tan dangu gandhek gya mijil//

/34/ Pendhapan ingarsa nata/ prapta gyaning grobog sinuled aglis/ agni mangsah gumerubug/ gandhek wangsul pendhapan/ nulya gangsa tinembang munya angungkung/ ponang singa lajeng medal/ mangaler anenggel baris//

/35/ Nempuh wedya Kapatihan/ tinadhahan mantri kang samya baris/ kang gemprong nunjang anubruk/ kang numbak samya panggah/ pragalba galak menengah sru kang gulung/ aguled uleng-ulengan/ lebu baledug nompegi//

/36/ Peteng lir kukus sundawa/ ponang singa tan mundur meksa kongkih/ keh tumbak rusak ginelut/ myang landheyan kinemah/ sempal papal godhiran lan tumbak bengkung/ kang baris sudira ponggah/ anengseg tan ana miris//

/37/ Singa sudira tan taha/ panunjange merem wus ambek pati/ ngiwa nengen gung manaut/ kang putung tumbakira/ landheyane binuwang gya narik dhuwung/ tan kandheg denya marjaya/ myang wedhung pedhang kinardi//

/38/ Eram kang samya tumingal/ duk semana risong anindya mantri/ neng wurining baris sagung/ ingayap pra wandawe/ myang pra mantri ing kanan kering myang pungkur/ asikep waos sanjata/ kya patih lenggah ing kursi//

/39/ Angedhangkrang pinayungan/ kartas wilis rinenggeng paradadi/ saking mandrawa ngenguwung/ endah busananira/ tinon kadya Suwanda nalikanipun/ anindhihi punggawanya/ duk prang lan Dasamuka ji//

/40/ Kinarubut ing pratiwa/ ponang singa kang mangka Rahwana ji/ kya patih suka andulu/ mring sagung wadyanira/ denya sami sudira tan ana mundur/ semana wau sang singa/ wus kathah tatunireki//

/41/ Tan kiwul pangamukira/ katadhahan ingakeh nulya mati/ ajur amoh gumalundhung/ kang baris samya surek/ gangsa suwuk tata malih barisipun/ wus mapan panggenanira/ nulya mantri gandhek mijil//

/42/ Saking ngarsa apendhapan/ lajeng manjing maring sajroning baris/ sapraptaning prenahipun/ garobog lajeng minggah/ ngunus wedhung anatas kalamaripun/ wusnya nuli ngambil brama/ lang-alang sinuled aglis//

/43/ Wus andadi murubira/ punang sima karasa lajeng mijil/ gandhek pan isih lumaku/ durung prapteng barisnya/ wikan lamun simanira sampun metu/ malah berag lampahira/ laras pandhapanya rindhik//

/44/ Dhuwung ingong gleng pethitan/ sru inguwuh marang kancanya baris/ mas bei dika lumayu/ simane sampun celak/ ageng temen neng wuri dika puniku/ mangke tinubruk temenan/ mas bei mas bei aglis//

/45/ Inggal niki daweg tumbak/ kang inguwuh maksih ayem lumaris/ anglengek api tan ngrungu/eram ingkang tumingal/ mring solahe gandhek sawenenh amuwus/ mas bei iku gendhungan/ baya arep bosen urip//

/46/ Tur ta iku tinubruka/ iya apan kadya Sang Jaka Tingkir/ sandhinge nambungi muwus/ bok iya karebena/ layak pamer mring gandhek Ngayoja iku/ lamun kawarta ing kana/ dimen semua sathithik//

/47/ Warna-warna kang rerasan/ ponang sime ngener lempahireki/ kang baris alok gumuruh/ ih gedhe temen ika/ meh sajaran dhasar anyar praptanipun/ ten wurung-ngrusakken tumbak/ mengko yen nempuh mariki//

/48/ Padha ngati-ati kandha/ kalirika mrene paranireki/oh endhase meh satumbu/ matane gilar-gilar/ rada miris ingkang tipis barisipun/ yata wau gandhak ingkang/papendhapan pan meh prapti//

/49/ Gen barise kancanira/ punang singa saya celak marani/ kancanira sru anguwuh/ mas bei dika rikat/ celak temen macane niku lah niku/ yata gandhek kang pendhapan/ wiken yen sima neng wuri//

/50/ Aris nyandhak tumbakira/ nolih mapan punang sima marani/ gya tinumbak sirahipun/ jumegreg sru anjola/ arse nubruk pinindho pok kupingipun/ anggiwar gero lumajar/ mangidul sinurak bali//

/51/ Menggok ngetan sinurakan/ punang sima ngemper playunireki/ karasa endhase tatu/ gya andhekem mring tengah/ sinurakan ingakeh mekso anjerum/ mukanya gubres ludira/ saking ing pathak umili//

/52/ Dhasar ampuh tumbakira/ nulya ingkang beta mundhuk marani/ mring gyaning singa anjerum/ maksih dhekem tan lunga/ gereng-gareng sinogokken lempengipun/ saking jron ngundhuk karasa/ singa kagyat nulya tangi//

/53/ Anggemprong nempuh mangetan/ ingkang baris mapan samya nadhahi/ gya tinumbak saking ngayun/ gulu andhemanira/ meksa nunjang-anggulung lemah anggilut/ arame swaraning janma/ barung lan pradangga muni//

/54/ Kang baris samya sarosa/ punang singa penempuhnya kabalik/ anggero milar lumayu/ mangaler sru sinurak/ menggok ngulon baris Galadhag tinempuh/ singa wus kathah tatunya/ merem pangamukireki//

/55/ Kang baris pengkuh apanggah/ kinarocog ing ngarsa kanan kering/ pragalba ambruk gya lampus/ jur amoh bangkenira/ gumalundhung ing kisma surak gumuruh/ sukeng tyas ingkang tumingal/ suwuk samya tata malih//

/56/ Gandhek mijil saking ngarsa/ apendhapan kalih samya marani/ gyan grobog sinuled gupuh/ agni mubal andadya/ punang sima karasa panas umetu/ ngener menempuh mangetan/ panggonan barisireki//

/57/ Dyan Tumenggung Arungbinang/ bupatine andhangar munggeng ngarsi/ sarwi mandhi waosipun/ ingapit panekarnya/ para mantri andhengek tan ana ruruh/ pan samya sedheng taruna/ tumbakira becik-becik//

/58/ Rempeg ketel berisira/ punang sima agemprong nunjang wani/ anggulung nemah anubruk/ gugup kang tinarajang/ kawelahen dening pragalba geng luhur/ sarosa krura megalak/ ngandhelong barisnya wingwrin//

/59/ Singa sinosog ameksa/ dadya medal babal nanging tan tebih/ kinarocok nulya lempus/ neng jabaning barisan/wus gineret mring sajroning baris ngayun/ gangsa suwuk gandhek nulya/ mijil saking ngarsa aji//

/60/ Kalih samya apendhapan/ amarani mring gyan garobog nuli/ lang-alang sinuled sampun/ murub akanthar-kanthar/ kongsi dangu sima durung gelem metu/ labet rempu angganira/ sinundhang maesa manis//

2.24 Pupuh XXIV Dhandhanggula

/1/ Kongsi meh telas urubing agni/ ingkang baris prasamya angucap/ suwe temen macan kuwe/ apa kebanjur lampus/ wus ketara ambune sangit/ lah dene iku kanca/ ingkang gawa undhuk/ apa ta nore uninga/ sandhingire nauri layak puniki/ wong macane kumbuan//

/2/ Mentas ginudaken meh ngemasi/ yen matia neng grobog ya layak/ nanging kanca undhuk kuwe/ mbok inggal nuli mamaju/ pan inguwuh ing kanan kering/ punang undhuk gya mara/ wus celak gonipun/ grobog nulya sinogokan/ punang sima kaget anulya umijil/ ngalemprok aneng lemah//

/3/ Ingkang beta undhuk mundur aris/ punang sima maleleng netranya/ labet sih rempu badane/ mukanya bingus-bingus/ samya surak ingkang abaris/ suwe temen gus macan/ iya nggonmu metu/ sun kira banjur palastra/ wis ta aja kesuwen mrenea nuli/ lah iki tumbakingwang//

/4/ Wus kesuwen gonira ngenteni/ yen kasepa emen ampuhira/ payo tarajangen kiye/ keh warnaning pamuwus/ ponang sima anuli tangi/ angener palayunya/ pulisi tinempuh/ ingkang baris samya tadhah/ sima anggro agulung manguleng wani/ tan kiwul tinanggulang//

/5/ Datan kongsi ngalih nuli mati/ gumalundhung ajur bangkenira/ kang baris surak arame/ wusnya pradangga suwuk/ tata malih barisireki/ wus mapan gandhek nulya/ mijil saking ngayun/ kalih samya papendhapan/ prapta gyaning garobog uminggah nuli/ klamar wus tinatasan//

/6/ Tutup binuka sinuled aglis/ gandhek mudhun dahana andadya/ trengginas sima wijile/ ngajrihi warnanipun/ ageng inggil ungaran masih/ netranya gilar-gilar/ miris kang andulu/ gandhek pan maksih pendhapan/ datan maras sangsaya besus lumaris/ linaran solehira//

/7/ Samya rinasan marang kang baris/ kendel temen ya mas bei ika/ sandhinge aris wuwuse/ ya nengna bae iku/ dimen lega manahireki/ dhasar wong roro ika/ kendel kaduk gendhung/ yata wau ponang sima/ kiter aneng tengah mulat nganan ngering/ gya mangaler sinurak//

/8/ Celak baris anggepak gya bali/ sru anggemprong manempuh mangetan/ nerak baris siti gedhe/ tinumbak sirahipun/ kaprewasa cangkelak bali/ arame sinurakan/ gya ngener mangidul/ anempuh baris kaparak/ tinadhahan ingakeh rinampog wani/ kang baris sengkuh panggah//

/9/ Pragalba tan kiwul denya ukih/ ingkang baris keket kukuh rangkah/ singa kinakahan akeh/ singa palastra ambruk/ sinurakan ing para mantri/ ajur wangkenya rusak/ semana sang prabu/ myang residhen sukeng driya/ tuwin prameswari tuwin para mantri/ kang mungging siti bentar//

/10/ Langkung suka denira ningali/ kathah samya katembe uninga/ para dyan jroning purane/ lagya samengkya dulu/ langkung temat solahing janmi/ semana simanira/ kang rinampog sampun/ telas nenem kathahira/ kyana patih nulya umarep mangarsi/ lan sagung pra wadana//

/11/ Bubar sagung kang samya abaris/ tuwan resdhen lawan sri narendra/ tedhak saking panggungane/ sadaya wus tumurun/ para tuwan myang santana ji/ sang nata nulya lenggah/ neng dhampar mas murub/ residhen neng keringira/ para tamu wus sami mapan ing kursi/ nulya Wlandi Urdinas//

/12/ Nyaosake minuman mring ngarsi/ tuwan residhen tuwin narendra/ mring pra tamu sadayane/ wus warata angunjuk/ sri narendra ngandika malih/ eh ngapa barisira/ sapa kang tinempuh/ kya patih umatur nembah/ pan kagungan dalem sima kang rumiyin/ anempah barisira//

/13/ Abdi dalem siti agung nenggih/ lajeng pejah sima ping kelihnya/ inggih onengah barise/ ing Kapatihan nenggih/ datan dangu lajeng ngemasi/ singa kang kaping tiga/ nempuh barisipun/ di dalem wadana Gladhag/ lajeng pejah sima ping sakawan gusti/ anempah barisira//

/14/ Abdi Dalem Sewu lajeng lalis/ kagungan dalem sima ping gangsal/ inggih anempah barise/ pulisi lajeng lampus/ sima ingkang kaping nem gusti/ nempah abdi Kaparak/ tan dangu gya lampus/ sri narendra sukeng driya/ myarsa ture kya patih denira baris/ sang nata malih nabda//

/15/ Bapa patih mangsa pira iki/ lawan bocah desa wayah apa/ kali lawan bengawane/ cilik apa ta agung/ kyana patih nembah turnya ris/ inggih gusti punika/ awaling kacatur/ abdi dalem padhusunan/ ingkang sami nambut karya toyeng kali/ saweg wiwit anyebar//

/16/ Wiji weneh saweg tanem sami/ denten ingkang sabin toya jawah/ saweg awit walukune/ benawi lepenipun/ ing samangkya toyane alit/ wus tegas turing patya/ yata song aprabu/ mring residhen angandika/ payo bapa residhen bubaran sami/ sedhengan wayahira//

/17/ Tuwan resdhen sandika nganthuki/ wadyabala gya rumiyin budhal/ samya tata jajarane/ Jeng Ratu myang para rum/ apan sampun kondur rumiyin/ jumeneng Sri Pamasa/ akanthen asteku/ lan residhen gya tumedhak/ lan pra tuwan Pangran Mangkunagareki/ andherekken mring pura//

/18/ Gumaredeg lampahira asri/ tan winarna reroncening marga/ sampun prapta jro purane/ lenggah ing pandhapa gung/ mung sakedhap residhen nuli/ myang sagung para tuwan/ samya pamit mantuk/ tabeyan lajeng buberan/ sri narendra kondur maring dalem puri/ ginarbeg ing pawongan//

/19/ Prameswari amethuk ing kori/ tundhuk lajeng kinanthi astanya/ tan winarna rerenggane/ wadyabala lit agung/ apan sampun biberan mulih/ ngaso asesowangan/ tan winarna ngenu/ semana kangjeng sri nata/ siyang dalu tansah mangun sukeng galih/ lawan sang prameswari//

/20/ Neng jro pura lan sagung pra putri/ sri narendra langkung sih-sinihan/ gung karoron lan garwane/ tan pisah siyang dalu/ lamun terang sore kuliling/ meng-ameng nitih rata/ ginarbeg para rum/ mubeng sajroning nagere/ wadyabala geng alit samya umiring/ wahana kuda samya//

/21/ Kadhang tedhak mring udyana enjing/ pasenggrahan kang caket nagara/ mamrih sukane garwane/ woh-wohan puspita rum/ keh warnane kang denundhuhi/ tan cuwa karsanira/ kacaryan para rum/ tumon langen ing udyana/ duk semana sang nata ing siyang ratri/ tansah amangun suka//

/22/ Wus palestha denira manganggit/ dahat saking kaapesan driya/ dadya minta aksamane/ mring sanggya kang mahayun/ maca tuwin ingkang miyarsi/ gita kalamun ana/ kaladuking tembung/ sadaya karsaning nata/ marma ingkang mangapus amung amurih/ sukanira sang nata//

/23/ Purnaning panerat anujwari/ Anggara kaping dwidasa nawa/ enjang gathitha asthane/ Jumadilawal nuju/ wuku Tambir kapat mangsakir/ Alip sangkala tata/ trus sabdaning ratu/ sinambi aneng jro pura/ panganggite marma kalangkung alami/ ya ing pambabarira//

BAB III

ALIH BAHASA TEKS "KRAMA DALEM INGKANG SINUHUN PAKU BUWANA KAPING IX"

3.1 Pupuh I Sinom

1) Dalam tembang Sinom perintah raja,, Paku Buwana IX di negara Surakarta,, berkehendak memulai surat (tulisan), sebagai peringatan ketika, saat akan menikah, mengambil anak bungsu Kenjeng Ratu Bendara.,

2) yaitu putra Kanjeng Pangeran Hadiwijaya II, yang bernama Jeng Kustiyah. Jadi merupakan cucu almarhum raja ke VIII dari garis ibu. Kehendak beliau sekarang (saat itu) mengutus *abdi delem* Atmadikara.

3) Saat penulisannya pada hari Kamis, tanggal 15 Jumadilawal tahun Jimakir,, wuku Sangkala 1794 dan diputus pada permulaan bulan Rabingulakir tanggal 15 pada hari Kamis.

4) Pada saat itu raja duduk di dalam ruang samadi, paginya Patih menghadap bersama dua wedana yaitu Raden Tumenggung Mangkuyuda dan Tumenggung Kartadipura, dan juga hamba sentana (keluarga raja) yang lain yaitu Pangeran Kolonel Arya Purbonegara, .

5) dan Kolonel Cakrawiyata bersama-sama menghadap. Raja dengan pelan berkata: "Bapa sebabnya kolian sku panggil untuk

memikirkan, bagaimana sekarang rencana perkawinanku. Jika kamu setuju saya akan merencanakan menikah, jika selamat pada bulan Besar".

6) Adapun mulai kerjanya mulai hari ini kalian bersiap-siap. Patih menjawab pelan: "Ya Gusti,, setuju dengan kehendak paduka, dan kurang sembilan bulan dari bulan sekarang". Patih menoleh kepada para wedana.

7) Semua tunduk tanda setuju. Raja berkata lagi: "Kamu bapa carilah hari dan tanggal yang baik serta saat (*sangat*) yang tepat, dan beritahukan juga kepada bapa Residen atas kehendakku ini. Den tentang colon istriku,,

8) Besok hari Selasa tanggal 21 depan ini, saya minta masuk ke keraton. Buatlah perintah segera pada keluargaku yang akan saya pilih untuk menjemput yaitu bapa Pringgalaya dan Kanda Pangeran Panji, pilihlah keluargaku yang muda.

9) Aturlah yang berangkat dan yang tinggal berjaga di keraton. Semuanya saya minta dilengkapi, jangan sampai mengecewakan di jalan. Untuk yang di depan ibu Ratu Kedatan beserta istrimu, dan istri para keluarga dan wedana.

10) Segera perintahkan kepada temanmu besar kecil. Untuk Purbanagara perintahkan kepada temanmu prajurit, aturlah keberangkatanmu, yang berbaris dan yang berjaga". Keduanya menyembah dan siap menjalankan (tugas).

11) Telah habis perintah raja kepada para mentri, raja kemudian turun dari duduknya,, bersama-sama Patih, dan dua wedana yaitu Pangeran Purbanagara dan Kolonel Cakrawinata mengiring sang raja, menuju ke taman Bandengan.

12) Patih segera diperintahkan bersenang-senang di tamansari. Dari tempat duduk raja, jika dipandang lurus seperti orang akan menembak, sungguh kagum melihatnya, kerena terlihat sumur pompa, yang mengalir ke kolam, memancar air jernih. Di dalam kolam itu terlihat dua perahu.

13) Kecil dan dihias dengan indah, berbentuk pola hiasan kepala, diukir dan dihias perada (emas), diberi renda sutra hijau. Jika akan dinaiki oleh raja, berperahu akan dilengkapi dengan permadani merah, dan bangku kecil persegi, untuk bermain dengan para pengawal.

14) Kyai Patih beserta para wedana sangat kagum melihatnya, karena banyaknya bentuk-bentuk perhiasan. Selanjutnya Kyai Patih dibawa masuk ke Kradenayon lewat pintu belakang arah dari Bandengan. Kyai Patih diminta untuk melihat pisang *selirang* tempatnya para pengiring.

15) Dipercepat setiap hari, namun sudah banyak yang jadi. Kyai Patih sangat kagum. Kemudian menuju tempat bersenang-senang di dalam keraton sudah lama tidak mengetahui sekarang banyak tumbuhan. Mereka memuji akan kepandaian raja. Setelah selesai raja kemudian segera menuju

16) ke Sesenadayita (tempat permaisuri), bangunan yang baru jadi, sebelah barat Prabasuyasa., kemudian menuju ke timur yaitu di Sasanaprabu, serta teman Manismadu terlihat juga Saptarengga dan Tirta Argayasa. Turun dari gapura bagaikan di kahyangan (tempat para dewa)

17) sungguh sangat menakjubkan karena banyak arca, beser keeil berwarna-warni, dan juga sangkar-sangkar burung yang dihias bagus sekeli. Kemudian mereka dibawa masuk ke kamar Sasanaprabu dan Mandrasana, sampai ke tempat permandian raja yang berada di bawah panggung yaitu Mandranirmala.

18) Setelah itu kemudian (raja) duduk di ruang kamar tidur, di kursi goyang raja dihadap Kyai Patih. Dari situ terlihat sumber air kecil, memancarkan air. Mengalirnya air dibuatkan kolam bunder empat koki (dalamnya), terus-menerus air mengelir ke dalam kolam itu.

19) Di sebelah pojok timur dibuatkan pintu air untuk membersihkan air. Pintu dibuatkan dua lapis, keluarnya air dibuat tidak kelihatan, sampai di luar pintu kemudian masuk di bawah tanah. Sungguh menakjubkan bagi yang melihat. Raja dengan pelan berkata kepada Patih:

20) "Jika kamu ingin mengetahui hiasan di panggung atas, itu adalah kahyangan di bumi., naiklah semua, ini jalannya, Kyai Patih menyembah: "Ampun Gusti hamba tidak mempu naik ke panggung itu.

21) Tidak kuat nafas hamba karena sudah tua". Raja tersenyum kemudian berkata: "Ini hanya 30 kaki., di bawah ini ada kolam mandiku, yang airnya dari bawah sumur lama saya rekayasa dengan pompa air ke atas".

22) Kyai Patih menyembah sambil menoleh kepada kedua wedana: "Adi Mangkuyuda,, saya takjub melihat., berapa lama saya tidak masuk ke dalam keraton, bagaikan gadis sehabis menikah, *pangling* 'lupa akan rupanya karena banyaknya hiasan.

23) Membuat takjub semua". Para tumenggung mengiyakan: "Selama ini sama yang kita rasakan, kita bicarakan bersama teman-teman, sama-sama takjub begaikan mimpi melihat bentuk yang indah-indah, bagaikan pergi ke keraton peri-perayangan.

24) Rasa hati saya mulai masuk ke dalam keraton tadi, karena baru kali ini melihatnya.1" Kyai Patih tersenyum menyambung: "Saya juga seperti itu, sangat takjub saya". Lama dalam pembicaraan, sambil minum bir, dan minuman-minuman lain.

25) Setelah hari makin siang, Kyai Patih diminta meninggalkan tempat. Selanjutnya pergilah Kyai Patih beserta teman-temannya keluar dari pintu hijau. Sampai di luar kemudian pulang selanjutnya tidak terceritakan. Kala itu Kyai Patih sampai di rumah kemudian mempersiapkan untuk membagi tugas.

3.2 Pupuh II Dhandhanggula

1) Telah membagi perintah Kyai Patih, sesuai dengan tugas masing-masing bupati, diatur dalam tugasnya. Yang ditunjuk menjemput dan menjaga dalam keraton telah diatur. Jalannya pembagian sudah rata besar; kecil telah menerima tugas kemudian semua bersiap-siap.

2). Setelah lengkap semua. Jeng Pangern Purbanegara. telah mengatur prajuritnya. baik yang berjaga maupun yang menjemput Kafaleri dan Infanteri berbaris hormat dan yang bartaring pun telah diatur. samua telah merata. perintah sudah diterima prajurit dalam dan luar.

3) Ramai semua prajurit besar kecil. yang telah menerima perintah. dengan senang hati.
Terceritakan hal lain. ketika itu. Raden Ajeng Kustiyah telah dipingit raja di *dalem* rumah Ngadiwijayan. siang malam dijaga hamba prajurit. dan hamba wedana.

4) Kaliwon dan Mentri Panewu, setiap pintu dijaga semua. prajurit membawa bedil. Dalam semalam empat kali. dalam puri itu diawasi keliling. Tidak ketinggalan dalam keraton bergiliran yang menjaga, setiap pagi melapor kepada Pangeran Purbanagara.

5) kemudian dihaturkan kepada raja. Adapun yang terjadi di Ngadiwijayan dalam setiap hari dan malamnya loporan mentri kepada Nyai Tumenggung putri, setiap harinya begitu. Adapun Sang Prabu kadang-kadang meninjau ke Ngadiwijayan pada sore harinya sekalian jalan-jalan (makan angin).

6) Yang mengikuti hanya beberapa orang, semuanya berkuda. Lain halnya yang terceritakan sekarang. saat hari Senin tanggal 20 Rabingulakir, pada saat itu Gusti Raden Ajeng Kustiyah akan meminta ayahdanya *kendalem* Mangkunagaran.

7) Pada saat itu Kanjeng Pangeran Adipati Arya Mangkunagara dihadap pra prajurit *putrawandawa*. Adapun duduknya di tengah Pringgiten berdua. Membawa prejuritnya yang diberi tugas menjemput ke Ngediwijayan. Setelah pukul empat semua yang hadir dan semua prajurit.

8) bersama-sama sudah siap semua. Kanjeng Pangeran Arya Gandakusuma dan semua anggota tentara Legiun memakai pakaian kadet. yaitu cara pakaian Jawa beludru hitam *sikepan* (model jas). menghadap di bangsal sebelah timur pendapa. Raden Tumenggung Mangkuraja.

9) dan para Keliwon, Panewu, Mantri dan semua prajurit memakai *bebed* (kain) hitam *kuluk*nya (topi), bajunya seragam *laken* hitam *sikepan*, telah siap di paseban. Sebagian abdi dalem pembewa payung *bramataka* telah siap semua memakai pakaian berwarna merah

10) merah membara, kuluknya biru (topi), sungguh menarik sekali untuk dilihat, banyak hiasan di sana-sini bersama perlengkapannya. Terakhir barisan Punakawan, semua memakai pakaian baju biru berkumpul di pasebannya. Gamelan Kyai Lipur ditabuh pelan sebagai jamu kangen.

11) Berbunyi di panggungan tempatnya. Setelah pukul setengah lima kereta kendaraan raja telah siap di depan, Sang Dyah Rara Kumenyar, sejumlah empat mengiringkan hitam *pancal panggang* (untuk kuda berkaki putih) putih tinggi besar dari negara Amerika, perlengkapan lengkap kuning berjumlah lima.

12) Buatan dari negara Nyersel, kusir dan keneknya memakai busana jas model Belanda, memakai sabuk berwarna hijau botol, topi hitam berenda kuning, telah lengkap siap di sebelah timur pendapa agung, barisan telah teratur. Di depan para putra Kanjeng Gusti berkata pelan kepeda Kanjeng Pangeran

13) Suryadiningrat dan adiknya Kanjeng Pangeran Suryamijaya beserta isterinya segera berangkat, menjemput puteranya. Yang diberi tugas siap, kemudian naik kereta berangkat, didahului oleh penunjuk jalan kaki yaitu Punggawa Mentri dua orang yang dipayungi

14) di belakangnya disambung, abdi dalem siswa Punakawan yang memakai baju biru semua, berjalan empat-empat, kemudian abdi langsir, kemudian disambung abdi dalem penangsang (yang membawa payung) rapat barisnya, disusul punggawa Kaliwon dua puluh orang, selanjutnya abdi dalem *bramataka*.

15) Dua puluh lima semua berbaju merah, bertugas mendorong kereta, teratur rapat jalannya, kemudian Mentri Panewu, disusul beberapa abdi dalem santana sekitar 300 (tiga ratus) beraneka busananya, dan di belakang semua kereta kendaraan para keluarga raja.

16) Indah jika dilihat dan beriring-iringan di jalan. ke luar dari utara keraton lama. terus jalan baru ke timur. banyak sekali orang melihat tanpa kecuali. di pinggir jalan penuh.. sepanjang jalannya. tiada memperhitungkan rasa panas. karena ingin melihat Gustinya yang akan menjadi colon pengantin.

17) Tiada terceritakan yang berada dalam perjalanan. Terceritakan di Ngediwijayen telah siap semuanya. tinggal menanti yang menjemput Kanjeng Ratu Bandara dan Kanjeng Ratu Kedaton. yang dihadap para putra. Gusti Raden Ajeng Kustiyah sudah mengenakan busana yang indah. baju sutra ungu.

18) Bercorak bunga seruni terpetik. kancing peniti mata berlian. gemerlapan sinarnya. kalung rante bersinar. emas disusun dengan merjan merah. memakai cunduk permata. giwang bunga tanjung. berlian diseling mirah. angkin bercorok semen jlengut berlatar hijau. dengan kain penjang *babaran genes*.

19) Batik Perangsisik berlatar putih. sapu tangan sutera berkembang-kembang kuning. kedua jarinya bagaikan permata. penuh dengan cincin berlian indah. bercampur menyala bersinar. bau harum menyengat. sungguh indah menarik jika dipandang. bagaikan putri Magada Dyah Citrawati. cantik menjadi pilihan pria.

20) Sang putri duduk dekat sang ibu. putri-putri yang hadir lainnya kalah bersinar. terkena terangnya. Sungguh sangat cantik. pentas kalau terkenal. para putri *sentana* (keluarga) yang ada di hadapannya. hilang kecantikannya. tanpa tanding hanya sang putri anak permaisuri. memancar sinarnya.

21) Semua yang melihat terkesan hatinya. meskipun sesama wanita terkesan penglihatannya. yang berada di pendapa agung. para putri membawa perlengkapan. Pangeran Purbanegara dan adiknya Kanjeng Pongeran Dipakusuma dan putranya yaitu Pangeran Adisurya beserta semua keluarga.

22) Semuanya sudah berbusana indah. beserta prajurit Ngadiwijayan yang akan menghantarkan telah siap semua. Lain halnya yang terceritakan. prajurit Mangkunagaran tiba untuk menjemput. yaitu Kanjeng Pangeran Suryadiningrat. keretanya segera masuk ke halaman berhenti di depan pendapa.

23) Segera turun semua dari kereta. Pangeran Suryadiningrat bersama Pangeran Suryamijaya, beserta istrinya, kemudian masuk ke dalem. Kanjeng Ratu Bandara menjemput di pintu, kemudian putranya diajak pula duduk bersama di hadapan ibusuri Kanjeng Ratu Kedaton.

24) Kanjeng Pangeren duduk di pendapa, para tamu dipersilakan duduk yang telah dipersiapkan, di depan pendapa. Adapun para abdi di halaman. Pangeren Dipakusuma., Pangeran Adisurya, memberi perintah kepada abdi yang berjaga-jaga supaya mengeluarkan semua hidangan, bersiaplah abdi yang diberi perintah.

25) Minuman teh segera dihidangkan, nampak merata untuk semua tamu, laki-laki perempuan di luar maupun di dalam, Kanjeng Pangeran minum, diikuti oleh tamu-tamu yang lain, demikian pula para mentri punggawa, telah minum semuanya. Terceritakan di dalam ruang, Raden Ayu Suryediningrat tiba saatnya menyampaikan tugasnya sebegai utusan (duta).

26) Berkatalah kepada ibusuri: "Ibu perjalanan saya diutus, adik paduka, pertama menghaturkan salam taklimnya kepada paduka, kedua diutus menjemput putra paduka, yaitu Raden Ajeng Kustiyah". Sang ibu berkata dengan pelan : "Iya nini berkatalah"

27) adikmu telah siap dan telah berbusana, segera mari berangkat. Kemudian semua yang bertugas membawa perlengkapan dan para keluarga, dan Nyai Tumenggung Canama Secanegara, bersama teman-temannya bersiap di luar. Kanjeng Ratu segera turun.

28) Bersama putranya. Di sebelah kanan Kanjeng Ratu Kedaton, sebelah kiri Ratu Bandara, kemudian naik kereta, Kanjeng Ratu bersanding dengan putrinya Gusti Suryadiningrat yang berada di depan beserta Raden Ayu Surya, di tengah para pembawa *ampil-ampil* (perlengkapan upacara). Berganti ke tembang Asmaradana.

3.3 Pupuh III Asmaradana

1) Semuanya telah naik kereta dan kuda. Gusti Kanjeng Ratu Kedaton telah mendahului berangkat, menanti di perempatan. Pangeran Suryonegara yang mengiringkan.

2) kemudian mengikuti prajurit Mangkunagaran, semua prajurit berjalan/berangkat bersama pemimpinnya. Berderap jalannya.. tetep seperti saat berangkat susunan barisnya.

3) Di depan dan di belekang, dan di tengah,, barisan yang terakhir Kanjeng Pangeran Suryediningrat. Sungguh sangat pantas, terlihat cakap, begaikan Sang Narpati Karna

4) ketika menjadi senopati, akan menghancurkan Pandawa, selanjutnya yang menyambung di belakang Kanjeng Pengeran Suryamijaya, naik kereta berhias, pakaiannya bersinar, gagah bagaikan Suyudana,

5) ketika akan perang tanding, dengan Sang Bayutanaya (Bima), selanjutnya disambung belakangnya Kanjeng Pangeran Dipakusuma naik kereta bersama istrinya. Berbusana penuh dinar permata,

6) bersinar menerangi, sangat pantas bagaikan satria Aswatama sikapnya, disambung di belakangnya Kanjeng Pangeran Adisurya, cocok naik kereta agung, bersama istrinya,

7) keduanya berbusana indah, bersinar-sinar serba permata, sangat indah kelihatanya, bagaikan kasmaran bunga gunung, pentas/ cakep tindak-tanduknya, di belakangnya Nyi Tumenggung Canama Secanagara,

8) beserta teman-temannya, menjadi satu kereta, di belakangnya disambung, perlengkapan upacara dari Bendaran, di atas kereta, bersama abdi parakan dengan pimpinan Raden Nganten Singadiwirya.

9) Yang membawa lonceng emas, Raden Nganten Trunasudira, yang membawa *kecohan* (bokor untuk meludah) kembar pakaiannya *duryes*, berkain putih, memakai semir berenda bersinar, di belakangnya para keluarga (sentana).

10) Sejumlah delapan satu kereta, tidak berbeda pakaiannya, prajurit berjalan darat mengikuti di belakang, bergemuruh jalannya. Melalui utara Ranadirjan, singgah di rumah Pangeran Suryadiningrat.

11) Keretanya kemudian masuk, berhenti di depan tratag (terub). Kanjeng Pangeran segera keluar, menyongsong putranya, turun dari kereta segera digandeng tangannya, diajak segera masuk ke ruang dalam.

12) Selanjutnya duduk bersama-sama. Ganti yang terceritakan, calon penganten, segera menyembah ayahandanya dirangkul lehernya. Kanjeng Pangeran menangis, terharu tetapi bukan tangis kesedihan.

13) Tangis karena sukecita, tidak bisa ditahan, mengalir sampai ke pangkuan, masih dipeluk putranya, deres air matanya keluar. Kemudian dialihkan Kanjeng Pangeran berkata pelan:

14) "Aduh putraku nini, saya mohonkan kepada Hyang Sukama, semoga tulus/lestarilah kamu angger, menjadi tempat bernaungnya semua para *wandawa* (keluarga sanak saudara), jangan sampai sengsara. Memang itulah keberuntunganmu,

15) bersuamikan orang yang serba lebih (raja) di atas bumi, karena mendapat restu dari para leluhur". Sang putri berterima kasih sambil menyembah. Setelah menyembah remandanya, kemudian menyembah ibunda, dengan puji/doa yang sama.

16) Setelah semua duduk, kemudian hidangan-dikeluarkan, minuman dan makanan, di luar dan di dalam telah merata. Pada saat pertemuan itu, Kanjeng Pangeran berkata manis: "Sudahlah nini berangkatlah.

17) Saya menghantarkan dengan doa selamat." Demikianlah kehendak remandanya. Putrinya menyembah sandika. Selanjutnya tiada terceritakan, keluar dari ruang dalam telah naik kereta.

18) Semua telah naik kereta, berangkat dengan susunan paling depan prajurit darat (jalan kaki), sengat rapi kelihatannya, tiada berbeda dengan waktu berangkatnya tata aturan/susunannya, penuh memenuhi jalan besar, sangat menakjubkan bagi yang melihat.

19) Besar kecil laki-laki perempuan., di sepanjang jalan tidak terhitung, berdesakan berebut tempat, penuh sesak tidak dapat dibelah, semua tempat penuh, yang detang berurutan panjang, semua ingin melihat/menyaksikan.

20) colon ratu prameswari. saling bertanya. Bagi yang sudah tahu berkata pelan: "Jika kamu belum mengetahui calon ratu kita.. itu yang berbusana *wungu* (violet). wajahnya bagaikan bulan.

21) Di sampingnya sang ibu. yaitu Kanjeng Ratu Bendara. yang berbaju hitam. Adapun yang berada di bak depan Gusti Suryadiningrat.. yaitu kakaknya sekandung.

22) Di sampingnya Raden Ayu Suryamijaya. putra. Mangkunagara III." Sungguh mengherankan yang dikatakan itu. kerena baru melihat kali ini. sebagian ada yang berkata.

23) Dasar dekat dengan raja memilih wanita cantik. sungguh tercantik. Gusti Raden Ajeng Kustiyah itu. Apalagi setelah berbusana lengkap semakin bersinar memancar. cocok dengan sang raja.

